

Queens

Distri 19–32, 34

Vòt alavans
28 Okt–5 Nov

Jou Eleksyon an
7 Novanm

**Eleksyon Jeneral
nyc 2023**

**gid
elektè**

Vote vin fasil
nycvotes.org/ht

**NYC
VOTES**

Yon inisyativ Komisyon pou Finans
Kanpay Vil New York la

Gid Elektè 2023 NYC a!

W ap resevwa Gid Elektè sa a paske w se yon elektè ki anrejistre epi w te vote nan yon eleksyon ki fèk sot fèt. Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a pou distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Kilè pou m vote?

- Eleksyon jeneral la se madi **7 novanm**.
- Ou kapab vote alavans soti samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**. Pa gen vòt lavans lendi **6 novanm**.

Pou kisa m ap vote?

Fonksyon yo

- Konsèy Minisipal
- Pwokirè Distri (Bronx, Queens, Staten Island)
- Tribinal Siprèm Eta a (Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn)
- Jij Tribinal Sivil yo
- Tribinal Siksesyon (Brooklyn)
- Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Fonksyon ki sou bilten vòt ou a ka varye selon kote w ap viv la. Chèche jwenn bilten vòt ou a nan vote.nyc/page/find-your-poll-site.

Jwenn plis enfòmasyon sou nycvotes.org/ht/!

Dat eleksyon yo ak Dat Limit

23 okt	Dat limit demann Bilten Vòt Moun ki Absan yo (sou entènèt oswa pa lapòs) *Si se pa lapòs ou voye bilten vòt moun ki absan ou an, Konsèy Elektoral la dwe resevwa l nan dat sa a.
28 okt	Dat limit pou enskripsyon elektè yo Vòt alavans yo ap kòmanse
5 nov	Vòt alavans yo ap fini
6 nov	Dat limit demann pou bilten vòt moun ki absan yo (an pèsòn nan biwo Konsèy Elektoral la)
7 nov	Jou Eleksyon Jeneral la (6:00 a.m. – 9:00 p.m.) Dènye jou pou w poste bilten vòt moun ki absan ou an oswa depoze l nan yon biwo vòt

Tabdèmatyè

3	Kijan pou w vote	9	Konsènan Konsèy Minisipal la
4	A kisa ou ta dwe atann ou nan biwo vòt ou a	11	Kandida ki sou Bilten Vòt la
5	Ki dwa mwen genyen antanke elektè?	58	Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo
6	Aksesiblite	61	Konsènan NYC Votes
7	Echantiyon Bilten Vòt	62	Kesyon yo Poze Souvan
8	Kisa fonksyonè ki eli yo fè?	64	Kontakte Konsèy Elektoral la

Kijan pou w vote

Biwo vòt ak Lè pou vote

Chèche biwo vòt ou a ak ki lè pou w vote:

- Vizite nycvotes.org/ht.
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487- 5496**.



Jou Eleksyon an

Vòt yo ap ouvri nan Jou Eleksyon an, **7 novanm**, soti 6:00 a.m. pou 9:00 p.m. Ou dwe vote nan biwo vòt yo voye w la.

Lokal biwo vòt yo konn chanje, kidonk pa bliye tcheke adrès la anvan ou ale!



Vòt alavans

Ou ka vote alavans an pèsòn avan Jou Eleksyon an.

Sa pou ou konnen

- Gen yon biwo vòt alavans yo te voye w, ki petèt diferan de biwo vòt ou tonbe nan jou eleksyon an.
- Orè yo chanje chak jou, kidonk asire w ou verifye biwo vòt ou a epi konfime orè pa yo a avan w ale.

Dat vòt alavans yo

Samdi **28 oktòb** rive dimanch **5 novanm**.



Vòt pa Korespondans

Ou ka mande yon Bilten vòt moun ki absan si w gen yon rezon valab, tankou si w pa Nouyòk nan Jou Eleksyon an oswa si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik.

23 oktòb se dat limit pou w mande bilten vòt ou an sou entènèt, oswa pou Konsèy Elektoral la resevwa demann ou an pa lapòs.

Mande yon bilten vòt moun ki absan sèlman si ou gen entansyon vote pa korespondans. Si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon bilten vòt moun ki absan, ou dwe vote ak yon bilten vòt sou sèman nan biwo vòt ou a.

Kijan pou w mande bilten vòt moun ki absan ou an:

- Vizite nycabsentee.com.
- Rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.
- Vizite biwo lokal Konsèy Elektoral Vil Nouyòk ou a. Dat limit la se **6 novanm** pou w soumèt demann ou an an pèsòn.

Si ou mal pou w wè oswa si ou gen yon andikap

Pou w jwenn yon lektè ekran li bilten vòt ou an, ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib nan nycabsentee.com/accessibility oswa rele nan nimewo ki make anlè a.

Swiv Bilten Vòt ou a

Ou ka suiv bilten vòt ou a an liy sou sit Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan nycabsentee.com/tracking.

A kisa ou dwe atann ou nan biwo vòt ou a



Prezante w pou yo ka anrejistre w lè w rive

Lè ou antre, yon mandatè biwo vòt ap montre w ki kote pou ou anrejistre prezans ou. Li pral chèche nan lis elektè ki enskri yo epi l ap verifye siyati w anvan l ba ou yon bilten vòt.

Konsèy Pwofesyonèl: Si ou resevwa yon Fast Pass nan kourye lapòs Konsèy Elektoral la voye ba w la, mache avèk li pou w ka enskri pi vit!

*Ou pa bezwen bay yon pyès idantite pou w ka vote, eksepte si w se yon moun k ap vote pou premye fwa epi ou pa t bay nimewo DMV oswa nimewo sekirite sosyal lè w t ap enskri pou w vote a.



Ranpli Bilten Vòt ou a

Make Bilten Vòt ou a pandan w ap ranpli oval ki bò kote chwa w fè a nèt.

Si ou fè yon erè oswa si ou gen kesyon konsènan bilten vòt ou an, ou ka mande yon mandatè vin ede w.

*Sonje pou w tcheke toulede bò bilten vòt ou a pou w pa pèdi anyen.



Eskane Bilten Vòt ou a

Yon fwa ou fin ranpli bilten vòt ou an, yon mandatè ap ede w mete bilten vòt ou a nan eskanè a. Eskanè a ap fè w konnen lè vòt ou a fin arejistre.



Pran estikè ou a

Koleksyone estikè ou a! Kole l sou rad ou, fè chèl bè avè l epi asire w zanmi w ak fanmi w gen entasyon vote tou.

Ki dwa mwen genyen antanke elektè?

Ou gen dwa pou w vote nan eleksyon jeneral la si:

- Ou se yon elektè ki anrejistre.
- Ou nan liy nan biwo vòt ou an anvan lè pou li fèmen an rive.

Nan kèlkeswa eleksyon an, ou gen dwa pou w:

- Mande yon mandatè pou l ede w, oswa mande yon entèprèt si ou bezwen èd nan lang. Rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo si ou bezwen plis enfòmasyon konsènan entèprèt yo.
- Mache ak yon moun pou ede w vote (sof anplwayè w oswa yon reprezantan sendikal).
- Mache ak dokiman w, tankou Gid Elektè sa a.
- Vote menmsi machin vòt la anpàn.
- Vote pa bilten vòt sou sèman si non w pa nan lis elektè ki nan biwo vòt ou a.
- Yon Biwo vòt ki aksesib ki pa gen okenn obstak fizik.
- Sèvi ak machin pou vote ki aksesib pou w depoze bilten vòt ou a.
- Vote kèlkeswa kapasite oswa andikap ou genyen an.

Dwa vòt pou moun ki gen yon kondanasyon penal oswa kriminèl:

- Kondanasyon pou enfraksyon ak vyolasyon pa anpeche w vote, menmsi w ap prije pèn nan prizon.
- Si w nan prizon pou yon krim, ou pa kalifye pou w vote. Men, si yo kondane w pou yon krim epi yo sispann santans ou an, ou kapab vote.
- Si yo te kondane w pou yon krim epi yo lage w, ou ka vote. Men, ou dwe enskri ankò pou w ka vote.
- Si pou kounye a ou nan pwobasyon oswa libète kondisyonèl, ou ka vote.
- Si pou kounye a ou nan prizon pou yon deli oswa si w ap tann jijman, ou ka vote.

Kimoun ou ta dwe kontakte si w bezwen sipò:

- Si gen yon pwoblèm ak biwo vòt ou an, di yon mandatè sa oswa rele Konsèy Elektoral Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496**.
- Si yo te vyole dwa w, rele nimewo gratis Pwoteksyon Eleksyon an pou w pale ak yon volontè Pwoteksyon Eleksyon ki resevwa fòmasyon pou sa epi jwenn sipò jiridik gratis nan **866-OUR-VOTE (866-687-8683)**.
- Pote plent bay Pwokirè Jeneral Nouyòk la nan **(866) 390-2992** oswa vizite **ag.ny.gov/election-hotline**.

Aksesiblite

Chak elektè nan Nouyòk gen dwa pou li depoze bilten vòt yo a yon fason ki prive ak endepandan. Si w bezwen èd pou w ranpli bilten vòt ou a akòz yon andikap oswa akòz ou pa metrize anglè, genyen asistans ki disponib.

Bilten Vòt Moun ki Absan ki aksesib

Si w gen pwoblèm vizyon oswa ou pa ka make yon bilten vòt an papyè, ou ka toujou vote pa korespondans. Ou kapab mande yon bilten vòt moun ki absan yon lektè ekran kapab li epi tou ranpli l pa mwayen yon òdinatè. Pou mande yon bilten vòt moun ki absan ki aksesib, vizite: nycabsentee.com/accessibility oswa rele **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

Sèvis Lang ak Entèpretasyon

Gen entèprèt ki disponib nan plizyè biwo vòt nan vil la. Ou gendwa mande yon moun, yon fanmi w, yon zanmi oswa yon entèprèt, vini ede w konprann ak ranpli Bilten Vòt ou an.

Ou ka aprann ki biwo vòt ki pwopoze entèprèt sou vote.nyc. Ou kapab rele tou nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)**.

Aparèy pou make Bilten Vòt yo

Aparèy pou make Bilten Vòt yo (BMD) disponib nan tout biwo vòt yo pou bay elektè yo, tankou sa yo ki avèg, ki gen pwoblèm vizyon, oswa ki gen yon andikap oubyen yon kondisyon ki ka rann li difisil oswa enposib pou yo make yon bilten vòt ak yon plim, plis aksesiblite.

Si w ta renmen itilize yon BMD, jis mande yon mandatè li! Ou ka itilize l pou w ka wè bilten vòt ou a sou yon ekran afichaj, pou w tradui l nan lòt lang, oswa pou w koute chwa w yo nan kas.

Aparèy la bay kat fason pou w make Bilten Vòt ou a:



Ekran tòch



Klavye (Bray)



Aparèy pou rale ak soufle nan bouch



Manèt a baskil

- Ou gendwa “ZOOM IN” (AGRANDI) pou fè tèks la vin pi gwo, “ZOOM OUT” (DIMINYE) pou tèks la tounen nan dimansyon nòmal li oswa chwazi “HIGH CONTRAST” (GRAN KONTRAS) pou afiche tèks Bilten Vòt la an blan sou yon fon nwa.
- Epitou ou gendwa repete epi ajiste vitès ak volim son an nan kas la.
- Sonje! Chwa w yo pa definitiv toutotan ou pa antre bilten vòt ou an nan eskanè a epi depoze vòt ou an.
- Si ou ta renmen yon moun ede w antre bilten vòt ou an nan eskanè a, yon mandatè ap ede w.

Echantiyon Bilten Vòt

Echantiyon Bilten Vòt ki anba a la pou demonstrasyon sèlman. Li pa Bilten Vòt reyèl ou a epi si w ranpli l, sa p ap konte kòm vòt ou.

City Council	<input type="radio"/> Candidate A Party 1	<input type="radio"/> Candidate B Party 2
District Attorney Bronx, Queens, Staten Island	<input type="radio"/> Candidate A Party 1	<input type="radio"/> Candidate B Party 2
State Supreme Court Manhattan, Bronx, Queens, Brooklyn	<input type="radio"/> Candidate A Party 1	<input type="radio"/> Candidate B Party 2
Civil Court Judges	<input type="radio"/> Candidate A Party 1	<input type="radio"/> Candidate B Party 2
Surrogate's Court Brooklyn	<input type="radio"/> Candidate A Party 1	<input type="radio"/> Candidate B Party 2

Tòp chwa mwen yo

Itilize paj sa a pou w ranje chwa kandida ou yo pou Konsèy Minisipal la ak pwopozisyon vòt yo. Ou kapab mache ak sa a ansanm avèk ou nan biwo vòt ou a pou w gade pandan w ap ranpli bilten vòt ou an.

Konsèy Minisipal

Pwopozisyon ki sou bilten vòt yo

Pwopozisyon 1

Pwopozisyon 2

Rapèl! Gendwa gen fonksyon anplis sou bilten vòt ou an selon pati politik ou ak kote ou abite a.

Ou kapab wè yon echantiyon bilten vòt ou a nan biwo Konsèy Elektoral la nan findmypollsite.vote.nyc.

Kisa fonksyonè ki eli yo fè?

Fonksyonè ki eli nou yo gen pou yo pran desizyon ki gen enpak sou travay, lojman, edikasyon, swen sante ak lòt ankò, chak jou. Aprann plis sou fonksyon ki sou bilten vòt ou a.

Pou w kapab wè lis kandida ki pi ajou a nan distri ou a, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.

Fonksyon minisipal yo

Konsèy Minisipal

Konsèy Minisipal la se branch lejislatif, oswa ki fè lalwa, nan gouvènman Vil Nouyòk la. Gen 51 manm. Manm konsèy yo jeneralman mandate pou 4 lane (2 manda youn dèyè lòt maksimòm).

Aprè resansman 2020 an, yo te reyaranje distri Konsèy Minisipal yo pou yo te ka ajiste a chanjman ki genyen nan popilasyon an. Poutèt pwosesis sa a, Manm konsèy ki eli an 2021 ak 2023 pral gen yon manda 2 lane nan distri yo fenk delimite yo. An 2025, yo ap rekòmanse ak manda 4 lane yo.

- Prezante ak vote pwojè lwa yo.
- Negosye ak apwouve bidjè vil la.
- Siveye ajans minisipal yo.
- Pran desizyon sou kwasans ak devlopman vil nou an.
- Founi sipò pou Konstitiyan yo.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Fonksyon konte yo

Pwokirè Distri

Pwokirè distri a se pwokirè prensipal nan konte l la. Yo eli yo pou 4 lane. Pa gen limit nan manda.

- Deside ki dosye pou yo pouswiv (ak ki dosye pou yo pa pouswiv).
- Sipèvize tout pouswit penal yo.
- Ankete ak pouswiv konpòtman kriminel.

Jij yo

Tribinal Siprèm Eta a

Jij Kou Siprèm Eta a sipèvize gwo zak kriminel ak pwosè sivil nan konte yo. Tribinal Siprèm lan se tribinal jijman nan Eta New York; Tribinal Apèl la se tribinal ki pi wo a. Yo eli pou 14 lane.

- Li bay jijman sou divòs, separasyon ak pwosedi anilasyon.
- Li jere pouswit penal pou deli yo (kote ka gen yon kondanasyon pou plis pase yon lane).
- Li deside sou ka sivil yo tankou reklamasyon kontraktiyèl ak pou deli.

Tribinal Sivil – Konte ak Distri

Jij Tribinal Sivil yo ka dirije Konte oswa Distri, kidonk ou ka wè plis pase yon jij tribinal sivil sou bilten vòt ou a. Jij yo eli pou 10 lane epi yo tande afè tankou:

- Afè sivil ki plis pase \$50,000.
- Afè ant pwopriyetè ak lokatè epi pwosè ki konsène kenbe estanda lojman yo.
- Pouswit penal enfraksyon yo.

Tribinal sibstityon

Jij Tribinal Siksesyon yo tranche zafè ki konsène patrimwann moun ki te rezide nan Konte a apre lanmò yo. Yo eli pou 14 lane epi yo jije zafè tankou:

- Afè yon moun ki mouri tankou testaman ak administrasyon patrimwann.
- Adopsyon.
- Gadyen/Titèl.

Yon Jounen nan Lavi yon Manm Konsèy Minisipal la

Kisa manm Konsèy Minisipal la fè pou ou?


- Elabore epi vote pwojè lwa yo ki konsène kesyon tankou lojman, swen sante, edikasyon, sekirite piblik ak lòt ankò. Manm konsèy la kapab patisipe nan komite tou pou travay sou kesyon konsènan veyisman rive nan sèvis pou jèn yo.
- Travay ak Majistra vil la pou kreye epi apwouve bidjè ~\$107 milya dola vil la. Chak manm konsèy la ap jere yon bidjè ~\$5 milyon dola tou pou konstwi lekòl epi pou fè amelyorasyon nan distri yo, ansanm ak yon bidjè adisyonèl ~\$500,000 pou sipòte òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo.

- Siveye ajans minisipal ki ap bay Nouyòkè yo sèvis yo, tankou Depatman Polis Vil Nouyòk la ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.
- Detèmine jan pou yo itilize batiman ak teren yo toupatou nan vil la, epi siveye zonaj pou pwopriyete yo pandan l ap prezève repè yo epi jere tè ak enstalasyon piblik yo.
- Ede Konstitiyan tankou w. Manm konsèy la ak fonksyon yo genyen yo kapab ede w ak kesyon tankou preparasyon taks, lojman abòdab, plante pyebwa, twotwa ki sal, twou nan lari, sekirite pyeton ak lòt ankò. Kontakte manm konsèy ou a si ou bezwen èd!

Kat Konsèy Minisipal Nouyòk la

- NYC gen 51 distri Konsèy Minisipal
- ~172,000 elektè abite nan chak distri
- Konsèy Minisipal la apwouve bidjè ~\$107 milya NYC a

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.



prepare bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konsèy Minisipal Distri 19

Demokratik, Kontribyab Ini

- Tony Avella ✓

Republikan, Konsèvatè, Bon sans

- Vickie Paladino ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Tony Avella ✓

Demokratik, Kontribyab Ini

3 pi gwo pwoblèm:

1. Diminye kriminalite, tankou kriminalite ki lye ak rayisman
2. Sove kay pou youn oswa 2 fanmi yo
3. Re-asfalte imedyatman wout College Point yo

“Eksperyans pase m nan gouvènan vil la ak leta epi konesans mwen gen de Northeast Queens lan pèmèt mwen kòmanse “Premye jou” mwen ak restorasyon kalite lavi nou k ap depafini, ede ti antrepriz, sipòte lapolis, epi diminye kriminalite. M pral goumen pou m kenbe SHSAT, devlope pwogram pou elèv ki gen talan ak sidwe yo, finanse pwogram paraskolè, devlope pwogram pou moun ki aje ak ansyen konbatan yo, finanse lwa lokal 97 la, epi sipòte avantaj sante moun ki pran pansyon yo. Gras ak sipò Prezidan Awondisman an prezidan Donovan Richards, depite Grace Meng, Senatè Stavisky, Depite Braunstein ak Weprin, UFT, RWDSU ak seksyon lokal 1056 ATU a.”

Pwofesyon pou kounye a: Retrete

Pwofesyon anvan: Senatè Eta a 2010-18

Edikasyon: Lisans nan Syans Politik nan Hunter College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Knights of Columbus; Knights of Pythias; Sons of Italy

Eksperyans piblik pase: Manm Konsèy Minisipal, prezidan Zonaj 2001-09

Enskri nan Pati: Demokrat



Vickie Paladino ✓

Repiblikan, Konsèvatè, Bon sans

3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteje sekirite piblik
2. Kalite lavi ak zonaj.
3. Edikasyon ak pwoteksyon elèv nou yo.

“Nou te fè anpil pwogrè pandan premye manda mwen nan biwo a, lè n te ranpòte laviktwa nan sa ki gen rapò ak sekirite piblik, kalite lavi ak edikasyon. Mwen te ede pase yon bidjè ki te retabli totalman finansman NYPD, ogmante polisye nan College Point, te distribye plizyè milyon nan fon adisyonèl nan lekòl nou yo, te konplete pwojè ki te bloke tankou Bowne Park ak Sandhill Road nan Douglaston, te kòmanse amelyorasyon enfrastrikti epi te mete fen ak inondasyon nan Whitestone ak Bayside, epi pwoteje timoun yo kont kontni ki pa apwopriye nan lekòl yo. Biwo mwen an fèmen prèske 1,500 ka konstitiyan nan premye ane nou an sèlman, epi nou fèk kòmanse.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Pwopriyete Ti Antrepriz

Edikasyon: Lekòl segondè

Afilyasyon òganizasyonèl: Prezidan, Whitestone Republican Club, Fanm Repiblikan Ane 2019 la

Eksperyans piblik pase: Aktyèl Manm Konsèy la, Distri 19

Enskri nan Pati: Repiblikan

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Tony Avella

Demokratik, Kontribyab Ini

Vickie Paladino

Republiken, Konsèvatè, Bon sans

Kriminalite

M ap sipòte polis la epi mwen ap vote kont tout tantativ pou redui NYPD a. M ap sipòte epi m ap finanse kreyasyon yon nouvo biwo polis nan Northeast Queens epi double penalite pou zak kriminel rayisman pou abòde ogmantasyon atak anti-Azyatik, antisemit ak anti-LGBTQ+.

Sekirite piblik se prensipal priorite mwen. Mwen te ede pase yon bidjè ki te retabli konplètman finansman lapolis epi ki te fè gen plis ofisye nan distri nou an. Mwen vle wè liberasyon sou kosyon san lajan kach konplètman anile, Rikers rete ouvè, epi DA pwogresis yo ki refize angaje pou swit yo demisyone. Lalwa ak lòd dwe retabli.

Enflasyon

Pou m konbat enflasyon, m ap diminye taks sou gaz/antrepriz ak sou enpo fonsye pwopriyete ak kopwopriyete yo ak sou koperatif yo. Diminye depans nou fè nan makèt ak famasi epi fè konsomatè yo ekonomize pandan n ap desann pri manje ak medikaman sou preskripsyon yo.

Enflasyon fè nou tout vin pi pòv, epi gen plis sou moun pòv yo ak klas mwayèn nan. N ap fè fas ak yon kriz enflasyon nasyonal, epi sèl mwayen pou soti se disiplin bidjetè, yon ekonomi fò, ak pri enèji abòdab.

Pwoteksyon Demokrasi

Pwoteksyon sistèm elektoral/ fonksyonè elektoral yo kont entèferans politik se kle pou prezève demokrasi nou an. Pwoteje dwa vòt/ fasilite vòt la enpòtan tou. Mwen kwè tou nan entèdiksyon kanpay nan jou eleksyon yo nan biwo vòt yo pou sispann entimidasyon elektè yo.

Libète lapawòl ak asosiyasyon se baz peyi nou an. Sepandan, pa lontan nou te asiste yon tandans enkyetan pou sansire medya nou yo, enstitisyon inivèsite, leta ak monopòl teknoloji. Sa se veritab kriz demokrasi nou an, epi li dwe rektifye.

Konsèy Minisipal Distri 20

Demokrat

- Sandra Ung ✓

Republikan, Konsèvatè, Bon Sans, Libète Medikal

- Yu-Ching James Pai ✓

Flòch pi byen

- Jin Liang Dany Chen ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Sandra Ung ✓

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Edikasyon
3. Lojman

“Nan premye ane manda mwen an, mwen te jwenn resous enpòtan pou kominote nou an ki gen ladan yon ogmantasyon kantite fonksyonè 109yèm awondisman an, sèvis jiridik gratis pou rezidan yo, dosye finansman pou sèvis sanitasyon, gwo investisman nan lekòl nou yo ak amelyorasyon nan espas vèt nou yo. Si mwen eli ankò, mwen pral kontinye goumen pou gen plis sekirite nan lari a, plis lojman abòdab, pi bon lekòl ak katye pwòp.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy Minisipal la

Pwofesyon anvan yo: Konseye Prensipal Depite Grace Meng. Prezèvasyon Pak Eta New York yo ak Prezèvasyon Istorik. Kontwolè Vil New York la. Asanble Eta New York. Avoka, Sanctuary for Families; Avoka Asosye, Dorsey & Whitney

Edikasyon: Lisans - CUNY Hunter; Doktora nan Dwa. - Columbia Law School

Afilyasyon òganizasyonèl: Holly Civic, AABANY

Eksperyans piblik pase: Manm Komite Eta a

Enskri nan Pati: Demokrat



Yu-Ching James Pai

Repibliken, Konsèvatè, Bon Sans, Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Sipòte Ti antrepriz yo
3. Edikasyon bon kalite

“Ann ede ak sipòte ti antrepriz yo epi amelyore kalite lavi pou moun ak fanmi k ap travay di k ap viv ak travay isit la. Sekirite piblik se yon gwo enkyetid. Timoun nou yo merite bonjan kalite edikasyon ak opòtinite pou yo montre tout potansyèl yo atravè lekòl segondè espesyalize ak pwogram pou timoun ki gen don ak talan yo. Nou bezwen chanjman, e chanjman ap vini, ban mwen opòtinite sa a, sipòte kanpay mwen an, epi vote pou mwen. ‘Chanjman ap vini sou chemen ou.’”

Pwofesyon pou kounye a: Kontab Piblik Sètifye Endepandan

Pwofesyon anvan yo: Kontab nan konpayi CPA

Edikasyon: State University of New York - Albany (Lisans nan Kontabilite) - 1996

Afilyasyon Òganizasyonèl: Flushing Central Lions Club, Taiwanese Chamber of Commerce of New York Inc, Chinese American Society of CPAs

Eksperyans piblik pase: Okenn

Enskri nan Pati: Repibliken



Jin Liang Dany Chen

Flòch pi byen

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite kominotè
2. Ogmante prezans lapolis ak finansman an
3. Lalwa ak lòd dwe retabli.

“M fyè paske m se yon mesye marye ak papa de timoun. Kominote m lan te ban m chans pou m sèvi antanke pastè epi aktivis kominotè. Antanke yon defansè pou kominote nou an, m ap batay pou sa ki enpòtan. M ap kontinye batay avèk nou pou nou fè yon pi bon rensaj kominotè yon fason pou nou ka fyè de kote n ap rele lakay nou an. M ap toujou sipòte aplikasyon lwa yo epi kanpe dèyè travay yo la pou yo fè yo. Nan anviwonman kawotik sa, mwen se konbatan pou moun nan kominote sa antanke reprezantan nou nan Konsèy Minisipal la.”

Pwofesyon pou kounye a: Direktè Maketin Azyatik – Prohealth Solutions

Pwofesyon anvan yo: non aplikab

Edikasyon: non aplikab

Afilyasyon Òganizasyonèl: Fondatè Chinese American Alliance of USA a Fondatè College Point Residents Coalition an

Eksperyans piblik pase: Fasilite pou mete sou pye yon Chèlètè konvèsyon pou moun ki chanje sèks nan College Point, NY

Enskri nan Pati: Repibliken

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Sandra Ung

Demokrat

Yu-Ching James Pai

Republiken, Konsèvatè, Bon Sans,
Libète Medikal

Kriminalite

Mwen fyè dèske mwen te jwenn yon ogmantasyon nan kantite fonksyonè pou 109 la, men mwen pral kontinye jwenn plis fonksyonè polis, ansanm ak kamera sekirite. Mwen pral travay tou pou plis resous sante mantal ak pwogram dejidisyarizasyon (jwenn solisyon ki pa represif) nan sistèm jistis penal la.

Pa kite bèl chif yo twonpe w de reyalite aktyèl la. Gen anpil krim ki pa siyale. Lapolis pran plis pase 45 minit pou rive nan espas la. Non sèlman sa pa itil, epi li dekouraje viktim yo rele. Nou bezwen amelyore sa pandan n ap deplwaye plis ajan nan ri nou yo.

Enflasyon

Enflasyon nwi fanmi travayè yo, epi batay kont li ta dwe yon priyorite. Vil Nouyòk ta dwe fè tout sa li kapab pou diminye depans pou konsomatè yo.

Kòm yon CPA, enflasyon aktyèl la se rezilta òf ak demann epi souvni pandemi an. Avèk yon kantite demann ki depase ak kèk chèn alimantasyon mondyal ki afekte, pri yo ogmante epi se fanmi ki fè pati klas mwayèn nan ki plis frape.

Pwoteksyon Demokrasi

Amerik bati sou demokrasi nou an, epi mwen fyè dèske m te goumen pou m pwoteje l. Antanke Prezidan Operasyon Administrasyon an, mwen te ogmante aksè pou vote, ki gen ladan amelyore konsepsyon bilten vòt yo pou granmoun aje ak moun ki gen konpetans limite nan lang Anglè.

Pandan pandemi an li te klè kòman peyi nou an se yon peyi demokratik. Enfòmasyon yo te sansire, vwa yo te siprime, epi libète relijyon an te inyore. Yo pat mete etikèt travayè esansyèl sou lidè espirityèl yo. Si m eli, m ap fè ansòt pou yo bay plis enpòtans ak espas priyè yo.

Jin Liang Dany Chen ✓

Pi bon flòch


Redui kriminalite nan ogmante finansman an, nan ogmante kantite polisye ki nan lari yo epi nan kreye yon komisarya satelit pou redui tan repons lan.

To enflasyon an ap detwi lavi rezidan ak biznis nou yo nan kominote a. Nou bezwen jwenn yon mwayen pou n redui depans nan Gouvènman vil la pou ede redui presyon nan kominote nou an.

Pwoteje Demokrasi a pandan n ap amelyore kouvèti demografik elektè yo pou vwa pèp la ka pase pi byen. Batay pou entegrite eleksyon

gade videyo kandida yo

Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apres a gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konsèy Minisipal Distri 21

Demokrat

- Francisco P Moya 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Francisco P Moya

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Lojman abòdab
- Finansman lekòl
- Pwoteje travayè yo

“Mwen te onore pou m reprezante East Elmhurst, LeFrak City ak Corona nan Konsèy Minisipal la depi 2018. Mwen te goumen pou Nouyòkè k ap travay yo, m te defann imigran yo, m te defann granmoun yo, epi m te bay plizyè milya nan lekòl leta yo. Mwen fyè paske m ap ofri plizyè milye inite lojman abòdab, nouvo lekòl, yon sant pou granmoun, ak travay ki byen peye nan kominote nou an. M ap investi nan resous pou gen plis sekrite nan lari a. Nou bezwen lidè ki eksperimente epi ki devwe pou fè tande vwa nou.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm konsèy NYC, Distri 21

Pwofesyon anvan yo: Manm Asanble Eta NY; Relasyon ak gouvènman an

Edikasyon: Lisans, St. John's University, National Urban Fellow, Metriz nan Administrasyon Piblik, Baruch College

Afilyasyon Òganizasyonèl: Corona Lions Club; St. Leo's Golden Age Club

Eksperyans piblik pase: Manm Asanble Eta New York la; Lidè Demokratik Distri a

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Francisco P Moya ✓

Demokrat

Kriminalite	Sekirite kominote nou an se yon priyorite prensipal. Nou dwe envesti nan pwogram pou anpeche jèn yo rantr nan gang, trete epidemi adiksyon ak sante mantal, epi bati konfyans ant lapolis ak kominote nou an pandan n ap oblije yo pou yo rann nou kont tou.
Enflasyon	Nou tout wè reyalyte enflasyon nan makèt la. Pri yo monte, men salè yo rete menm jan. Nou bezwen pwoteje konsomatè yo kont ogmantasyon pri yo- se poutèt sa mwen te atake aplikasyon pou livrezon yo e mwen te limite frè yo te kapab mande yo pou yo pa vòlè Nouyòkè mwayen yo.
Pwoteksyon Demokrasi	Nou bezwen ogmante aksè ak patisipasyon nan gouvènman an. Youn nan fason yo se ogmante aksè pou vote. Mwen te fyè pou m patwone lwa sou vòt minisipal ki pèmèt moun ki pa sitwayen yo vote nan eleksyon Vil Nouyòk yo.

**suiv
nyc
votes**

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 22

Demokrat, Working Families

- Tiffany L Caban ✓

Republiken, Konsèvatè, Byennèt Animal

- Kelly Klingman ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Tiffany L Caban ✓

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm:

1. Estrateji sekirite piblik ki fonde sou prèv
2. Lari pou pyeton/siklis
3. Lojman abòdab pou tout tan

“Nan ane li te defansè piblik yo, Tiffany te batay pou Nouyòkè yo pou kont li. Kounya l ap sèvi tout rezidan distri 22 yo. Pandan premye manda li a, li te pèmèt plis fatra ranmase, amelyorasyon nan sekirite lari yo ak nan metwo distri a, li te apwouve plis pase 300 lojman abòdab ak yon nouvo pak, epi adopte sèt lejislasyon ki fè enpak. Li te ko-prezide regroupman LGBTQIA+ nan konsèy Caucus la.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm konsèy NYC

Pwofesyon anvan yo: Estratèj prensipal, Pati Working Families; Defansè Piblik, Legal Aid Society & NY Co. Defender Services

Edikasyon: NY Law School, JD. Penn State, Lisans (BA). St. Francis Prep, JHS210, PS62

Afilyasyon òganizasyonèl: Pati Working Families, Local Progress, Democratic Socialists of America, Mijente, LGBT, NYC & Puerto Rican Bar Assns.

Eksperyans piblik pase: Manm konsèy NYC

Enskri nan Pati: Demokrat



Kelly Klingman

Repibliken, Konsèvatè,
Byennèt Animal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Amelyore estrateji sekirite piblik nou gen kounye a yo
2. Envestisman nan opòtinite bon kalite edikasyon
3. Lojman ki sekirize epi ki abòdab

“Mwen se yon manman selibatè ki genyen jimo, mwen se yon fanm biznis nan Astoria, mwen kandida pou m syeje nan Konsèy Minisipal la pou Distri 22 a. Nou bezwen yon Konsèy Minisipal k ap goumen pou asire sekirite n, netwaye lari a epi bay chak moun yon chans pou genyen yon avni ki pi bon epi ki dirab. Mwen konnen kisa ki rele lite pou kontinye viv la epi bay tèt ou pwoblèm pou w wè si w ap soti nan sitiasyon ou ye a. Se la nan Astoria mwen bati lavi m, mwen ap goumen pou nou jwenn sa nou bezwen.”

Pwofesyon pou kounye a: Ajan imobilye asosye

Pwofesyon anvan yo: Jesyon aktif imobilye, Jesyon pwojè nouvo devlopman, Jesyon imobilye lojman pou travayè

Edikasyon: Non Aplikab

Afilyasyon òganizasyonèl: Animal Welfare Party, Real Estate Board of New York, OSHA Training Safety Institute, Immaculate Conception HAA

Eksperyans piblik pase: Non aplikab

Enskri nan Pati: Repibliken

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa vizite nycvotes.org/stay-informed

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Tiffany L Caban ✓

Demokrat, Working Families

Kelly Klingman ✓

Republikan, Konsèvatè,
Byennèt Animal

Kriminalite

Nou dwe envesti nan sa nou konnen ki efikas pou redui vyolans lan: lojman ki abòdab, bon travay, bonjan sèvis sante mantal ansanm ak pwogram prevansyon kont vyolans ki fè prèv yo deja. Li lè li tan pou nou retire kò nou nan estrateji polisyè ak penitansye ki echwe yo ki pa fè lòt baygay ke ranfòse tromatis ak kriminalite a.

Tout sitwayen merite pou yo santi yo an sekirite lakay yo ak kote y ap travay, kèlkeswa nivo ekonomik yo. Mwen ap travay lajounen kòm lannwit pou m asire m ajan nou yo gen resous yo gen bezwen yo pou yo pwoteje tout sitwayen yo. M ap fè lapolis la pi prezan nan lari, metwo ak pak yo pou yo pwoteje nou.

Enflasyon

Mwen te denonse ak tout fòs mwen ogmantasyon tarif ConEd yo ak kont ogmantasyon Konsèy oryantasyon pou lwaye yo. Travayè Nouyòkè yo ap bat dlo pou fè bè. Fòse yo peye plis ap jis fè yo peye plis epi sa ap fè New York vin plis toujou yon tèren pou sèl sila yo ki pi rich yo ka jwe.

Ogmantasyon pwodui yo ap kraze fanmi nou yo sou plan finansye. Soti sou lojman rive sou alimantasyon, meri a kapab epi li dwe ranfòse pwoteksyon kont enflasyon an ak enpak li kapab genyen pi devan.

Pwoteksyon Demokrasi

Biwo mwen an ap jere yon pwosesis Bidjè patisipatif ki solid jisteman paske nou kwè ke demokrasi se kle yon vil kote moun ka viv. Mwen pa kwè nan demokrasi sèlman nan Jou Eleksyon an, men chak jou epi tout kote, soti nan chantye rive nan lekòl.

Dwa pou nou mete oswa chanje gouvènman se dwa ki pi enpòtan nou genyen kòm elektè. Mwen ap asire m chak elektè kapab jwenn aksè ak bilten vòt yo san pwoblèm epi m ap limite pouvwa enterè patikilye yo.

Konsèy Minisipal Distri 23

Demokrat

- Linda Lee ✓

Republikan, Konsèvatè, Bon Sans, Libète Medikal, Pati Parantal

- Bernard Chow ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Linda Lee ✓

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Pi byen sekirize kominote nou an.
- Ogmante mwayen pou yon pi bon kalite edikasyon.
- Amelyore kondisyon lavi nou.

“Mwen fyè pou m reprezante Eastern Queens-- divès fanmi klas ouvriyè a abite ladann, pwopriyetè ti biznis, jèn pwofesyonèl, epi anpil moun aje. Men nou gen pwoblèm ki mande yon lidèchip reyèl ak reseptif. Taks imobilye yo ap ogmante, ti biznis yo an difikilte, epi enfrastiktik nou yo bezwen modènize. Nou dwe asire nou vwa komonote a pase avan tout pwoblèm n ap abòde nan nivo lokal. Depi lè mwen antre an fonksyon ane pase a, mwen te travay pou avansman lejislasyon ak finansman k ap gen yon enpak dirèk epi pozitif sou kominote nou an, l ap mete nou an sekirite epi amelyore kondisyon lavi nou.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy

Pwofesyon anvan: Direktè egzekitif KCS

Edikasyon: Lisans Barnard; Mastè nan Travay Sosyal nan Columbia

Afilyasyon Òganizasyonèl: PS203, NVCC

Eksperyans piblik pase: Konsèy Kominotè No. 11, ansyen reprezantan NYCCEC

Enskri nan Pati: Demokrat



Bernard Chow

Repibliken, Konsèvatè, Bon Sans,
Libète Medikal, Pati Parantal

3 pi gwo pwoblèm yo:

1. Pwoteje sekirite piblik
2. Asire bon kalite edikasyon
3. Pa gen lwa lokal 97

“Mwen te vini Etazini pou m etidye nan Minnesota, apre m te fè Nouyòk tounen lakay mwen. Depi 20 an, m ap travay di pou m ede kominote a.

Mwen enkyè konsènan kòman bagay yo prale nan Nouyòk. Kilti chinwaz la pale sou balans, e nou pèdi sa isit la. Ta sanble kriminel yo jwenn plis atansyon pase moun òdinè yo, sa ki pa kòrèk. Li bay pwoblèm epi li afekte sekirite piblik pou tout sitwayen nou yo nan lari a ak nan metwo yo.

Nou bezwen aranje dezekilib sa nan lidèchip vil Nouyòk la.

Fè ekip avè m sou sa. Ansanm, nou ka pote yon chanjman reyèl.”

Pwofesyon pou kounye a: Lyezon ak Kominote a

Pwofesyon anvan: Konsiltan Maketin

Edikasyon: Lisans nan fizik ak nan syans enfòmatis

Afilyasyon Òganizasyonèl: Lion Club, New York Community League

Eksperyans piblik pase: Lyezon ak Kominote a pou Sena GOP nan Eta New York

Enskri nan Pati: Konsèvatè

prepare bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Linda Lee

Demokrat

Bernard Chow

Republiken, Konsèvatè, Bon Sans, Libète Medikal, Pati Parantal

Kriminalite

Mwen se yon gwo sipòtè finansman pou aplikasyon lwa nou yo nan transparans ak responsabilite. Nou dwe redui kriminalite, premyèman pandan n ap retire zam nan lari yo, abòde pwoblèm kriz sante mantal la, epi konbat lahèn ak krim ki baze sou prejje.

Sekirite piblik NYC a diminye avèk ogmantasyon kriminalite a, akòz manke polisye NYPD poutèt politik resan yo. Nou bezwen restore respè an ijans, ak vijilans nan polis la, mete bout nan liberasyon sou kosyon ak siveyans pwokirè a.

Enflasyon

Menm lè batay kont enflasyon an se prensipalman travay gouvènman federal la, nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede fanmi ki gen revni fèb oswa mwayen yo k ap afwonte monte pri gas ak danre yo. Fòk nou rann antrepriz ak sèvis piblik yo responsab pri ki monte nan fason abizif.

Enflasyon an se yon pwoblèm mondyal. Lokalman, nou bezwen ankouraje ti antrepriz yo. Nou bezwen asiste tou finansyèman moun ki nan bezwen yo jeneralman k ap depanse lokalman, sa ki ede antrepriz lokal yo.

Pwoteksyon Demokrasi

6 Janvyè te montre nou kòman demokrasi a frajil. Nou dwe elaji aksè pou vote, rann li pi fasil pou moun vote jan yo vle - bonè, atravè imel, oswa nan jou eleksyon avèk anrejistremman menm jou a.

Nou bezwen favorize devlopman yon popilasyon ki enfòm, divèsifye, ak jèn responsab atravè edikasyon sivik solid pou yon demokrasi ak yon fiti lib nan NYC ak nan nasyon an. Libète ekspresyon fè pati Etazini

Konsèy Minisipal Distri 24

Demokrat

- James F Gennaro ✓

Republikan, Konsèvatè, Mad as Hell, Libète Medikal, Pati Parantal

- Jonathan David Rinaldi ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



James F Gennaro ✓

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Amelyore Sekirite piblik
2. Amelyore lekòl piblik NYC
3. Amelyore kalite lavi

“Okenn kandida nan kous la pa gen bilan sèvis mwen bay rezidan yo epi yo pa gen konesans mwen genyen sou chak sikonskripsyon nan 24yèm Distri a. Prèy reyalizasyon m yo ak eksperyans mwen se diferans lan.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy minisipal NYC

Pwofesyon anvan yo: Komisè Adjwen, NYS DEC, 2014-2020
Manm Konsèy NYC 2002-2013 Profesè oksilyè nan Queens College 1996-2003

Edikasyon: Lisans an Jewoloji, & Metriz nan Administrasyon Piblik, SUNY Stony Brook

Afilyasyon òganizasyonèl: Apwouve pa: Democratic Organization of Queens County, Reprezantan Ameriken: Gregory Meeks & Grace Meng, President Awondisman Donovan Richards, Senatè Eta a: Joseph Addabbo, Leroy Comrie, John Liu, Toby Stavisky, Manm Asanble Eta a: Andrew Hevesi, Daniel Rosenthal, Nily Rozic, David Weprin, Mason Tenders District Council

Eksperyans piblik pase: Manm Konsèy La 2002-2013

Enskri nan Pati: Demokrat



Jonathan David Rinaldi

Repibliken, Konsèvatè, Mad as Hell, Libète Medikal, Pati Parantal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Anilasyon lwa lokal 97 la
2. Sove lojman piblik seksyon 9
3. Kriminalite ak sekririte katye nou yo

“Responsablite ak transparans. Yo trayi nou tout. Yo rantre imigran nan peyi a epi yo ba yo tout bagay gratis, lwaye, lekòl ak medikaman, pandan yo mete sou pye plizyè politik ki anpeche moun viv epi rive amelyore sityasyon fanmi nou yo nan Queens. Li lè pou elektè k ap peye enpo yo sove sèvis sosyal yo anvan bidjè vil la monte byen wo epi pa rete anyen ankò pou nou.”

Pwofesyon pou kounye a: Imobilye

Pwofesyon anvan: Konstriksyon

Edikasyon: CCNY Lisans Achitekti

Afilyasyon òganizasyonèl: Hopefully All

Eksperyans piblik pase: Prezidan Gouvènman Etidyan yo

Enskri nan Pati: Repibliken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

James F Gennaro ✓

Demokrat

Jonathan David Rinaldi ✓

Republikan, Konsèvatè, Mad as Hell, Libète Medikal, Pati Parantal

Kriminalite

Chak ane m finanse plis kamera polis nan distri mwen an. Nouyòk se SÈL Eta kote jij li yo pa ka konsidere degre danje akize yo reprezante. Majistra Adams ak mwen mande Albany pou mete kanpe yon “prensip sou danje” pou konbat kriz ensekirite piblik la.

Lari yo dwe gen sekirite pou timoun yo ka gen yon anviwonman kote yo kapab evolye. Pwoteksyon pou ti antrepriz yo. Lè lapolis plis prezan nan katye yo sa anpeche vòl machin ak moun k ap rantre kay lòt pou al vòlè.

Enflasyon

Kòm enflasyon an ap monte sou yon echèl nasyonal, m ap fè efò pou m fè presyon nan nivo lokal pou asire m travayè administrasyon minisipal la ak sektè prive a jwenn kontra ki ekkitab. Mwen kreye plis travay ekolojik pase nenpòt lòt ofisyèl eli nan vil la atravè anpil lwa anviwònman mwen te ekri pandan ane yo.

Pri konjesyon an se yon gwo pwoblèm, fè nou peye 23 dola pou nou rantre Manhattan kote pri machin komèsyal k ap peye doub kòb la pou yo livre byen ak sèvis yo pral fè tout bagay vin pi chè.

Pwoteksyon Demokrasi

Demokrasi an pwoteje epi amelyore gras ak plis posibilite pou Nouyòkè yo vote epi egzèse pouvwa vòt yo nan nouvo fason. NYC gen anpil Vòt Antisipe epi li te adopte yon sistèm vòt ki baze sou preferans pou pèmèt kandida ki soti nan kominote majinalize yo eksprime yo. Tout sa nou bezwen pou n maksimize

Nou se yon repiblik konstitisyonèl. Si yo siyen Aplikasyon Bilten Absan yo sa ap anpeche yon moun vote an pèsòn.

gade videyo kandida yo

Vizite **Gid Elektè** anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apres a gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konsèy Minisipal Distri 25

Demokrat, Working Families

- Shekar Krishnan ✓

Republiken, Konsèvatè, Libète medikal

- Zhile Cao ✓

Divèsite

- Fatima Baryab ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Shekar Krishnan ✓

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm:

1. Bonjan swen sante pou tout moun
2. Agrandi, amelyore pak/espas ouvè yo
3. Envesti nan edikasyon timoun preskolè

“Antanke Manm Konsèy Minisipal ak premye Endyen-Ameriken ki eli nan administrasyon NYC la, mwen prezante pou m ka re-eli pou m ka kontinye goumen pou jwenn resous kominote nou an merite epi pou yon vil ki fonksyone pou tout moun.

Mwen fyè de sa nou reyalize, soti nan envèstisman ki sove lavi nan Lopital Elmhurst, nouvo pwogram pou sipòte fanmi imigran yo, rive nan premye pakou piblik pou chyen nan kominote nou an, oswa pi gwo bidjè pou pak nan istwa vil la.

Ansanm, nou ka bati yon vil kote tout moun ka gen aksè ak swen sante, pak ak espas ouvè, epi kote tout fanmi k ap travay yo gen aksè ak sèvis gratis nan etablisman preskolè.

Se pou fiti sa mwen pral kontinye goumen.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy minisipal NYC

Pwofesyon anvan: Avoka Dwa Sivil

Edikasyon: Cooper Union (Engineering), University of Michigan Law School

Afilyasyon Òganizasyonèl: N/A

Eksperyans piblik pase: Manm Konsèy la

Enskri nan Pati: Demokrat



Zhile Cao

Republikan, Konsèvatè, Libète medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Kriz refijye yo
2. Kriz sanzabri
3. Envazyon kominis la nan peyi nou an.

“Nouyòk bezwen dirijan solid pou l konbat kriz sa yo nou poko janm konnen atravè istwa a epi vote kont tout kandida enkonpetan sa yo nan biwo a.”

Pwofesyon pou kounye a: Travayè MTA

Pwofesyon anvan: Travayè MTA

Edikasyon: 4 ANE KOLÈJ

Afilyasyon Òganizasyonèl: Repibliken

Eksperyans piblik pase: Konsèy komisyon asanble a

Enskri nan Pati: Repibliken



Fatima Baryab

Divèsite

3 pi gwo pwoblèm:

1. Pwoteje kominote yo kont kriminalite
2. Ogmante kalite lekòl piblik yo
3. Garanti opòtinite ekonomik pou tout moun

“Mwen se yon defansè kominotè ak yon dirijan oganizasyon san bi likratif. Antanke moun Nouyòk natif natal, m pral nan eleksyon pou m reprezante pèp la. Revandikasyon nou souvan pa pase. Nou dwe chanje sa. Enterè investisè yo pa dwe prime sou posibilite nou genyen pou n mennen yon bon lavi nan vil NOU. Sekirite, ijyèn, ak pi bon edikasyon se sijè ki merite atansyon. Gen plis bagay pou fè. Mwen pwomèt pou m pote chanjman nou mande yo.”

Pwofesyon pou kounye a: Syantifik

Pwofesyon anvan: Etidyan

Edikasyon: Lisans nan Biyoloji, nan Inivèsite St. John

Afilyasyon Òganizasyonèl: Ko-fondatris Diversity Plaza; ko-fondatris SUKHI Nouyòk

Eksperyans piblik pase: Aktivis kominotè, Militan kont renovasyon jantrifikasyon. Fatima se ko-otè rezolisyon lejislativ J3913 Eta Nouyòk la e li se pòt pawòl anpil kominote nan Vil Nouyòk la.

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Shekar Krishnan ✓

Demokrat, Working Families

Zhile Cao ✓

Republikan, Konsèvatè, Libète medikal

Kriminalite

Tout moun merite pou yo santi yo an sekirite – pandan y ap mache lakay yo, nan tren sòbway an, oswa kote y ap priye. Sekirite se responsablite ki pi enpòtan pou administrasyon nou an. Nou bezwen solisyon konplè, soti nan sante mantal ak lojman pou ale nan sant kominotè yo. Nou kenbe kominote yo an sekirite lè nou investi nan yo byen bonè.

Se feblès dirijan yo ki koz kriminalite a ogmante nan vil la konsa. Majistra ak kandida yo fèb epi yo tande ekstrèm pwogresis demokrat yo twòp. Nou bezwen poze pwòp aksyon nou epi retounen nan nòmal nou.

Enflasyon

Lè chak Nouyòkè, fanmi yo, ak katye yo gen resous pou pwogrese, ekonomi nou an ap fè sa tou. Fason ki pi efikas pou fè fas ak enflasyon se bati yon vil kote tout moun touche yon salè ki gen nen epi ki gen bonjan kalite swen sante, yon lojman abòdab, ak gadri pou timoun.

Gouvènman Federal la ak Gouvènman Etatik la se prensipal aktè nan kreyasyon enflasyon an. Vil Nouyòk la pa kontwole pri esans lan, li pa pwodui bon aliman, e li pa fikse salè minimal la. Nou ka vote kont salè minimal la, men se pa konsèy minisipal la k ap fikse salè nòmal la.

Pwoteksyon Demokrasi

Vote se yon dwa fondamantal. Nou pwoteje demokrasi nou an lè nou asire tout moun ka egzèse dwa sa a san diskriminasyon. Nou dwe fè vote vin pi fasil ak pi aksesib. Kòm yon Manm Konsèy, mwen te goumen anpil pou pwoteje dwa vòt epi mwen pral kontinye fè sa.

Demokrasi a vle di pa gen manda pou mas, ak manda pou vaksen avèk oswa san pandemi. Kò m se pou mwen li ye, pa gen okenn lòt gason oswa fanm ki gen otorite sou li. Pwoteje pwopriyete pèsònèl la fondamantal nan pwoteksyon demokrasi a.

Fatima Baryab

Divèsite

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

Kandida a pa t soumèt yon repons pou kesyon sa a.

suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 26

Demokrat, Working Families

- Julie Won ✓

Republikan, Konsèvatè, Libète medikal

- Marvin R Jeffcoat ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Julie Won ✓

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm yo:

1. Lojman abòdab ak Planifikasyon konplè
2. Envesti nan edikasyon ak espas vèt
3. Asire sekirite piblik pou tout kominote a

“Antanke Manm Konsèy la, mwen onore pou m vin vwa kominote nou an nan Meri a! Nan premye ane mwen an, mwen te apwouve 1,622 inite lojman abòdab, garanti WiFi gratis, kab, ak sèvis selilè pou tout rezidan NYCHA nan distri a, epi mwen te jwenn plis pase \$50 milyon dola finansman pou katye nou yo -- sa gen ladan \$11 milyon dola pou lekòl lokal nou yo, ak \$15 milyon dola pou amelyore pak nou yo. Antanke manman lokal, imigran ak lokatè, mwen ap goumen pou mete fen nan kriz lojman abòdab la, epi fè gouvènman vil la sèvi moun pi byen.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Konsiltan nan estrateji dijital

Edikasyon: Syracuse University

Afilyasyon Òganizasyonèl: Okenn antanke manm Konsèy aktyèl la

Eksperyans piblik pase: Konsèy Kominotè 2, Komite Resansman Konplè Prezidan Awondisman Queens lan an 2020: Fondatè Technology Action Group

Enskri nan Pati: Demokrat



Marvin R Jeffcoat

Repibliken, Konsèvatè,
Libète medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Rann lari yo sekirize.
2. Lekòl ak chat, bon, ansèyman lakay
3. Elimine règleman k ap detui travay yo.

“Marvin se yon bon lidè pou bon moun tankou w yo. Li asire l veteran yo resevwa lajan endemnité yo merite a, ke y ap depanse isi a lokalman; ede jèn yo fè siksè gras ak edikasyon epi devlopman konpetans yo ak yon sèvis pratik pandan y ap evite enfluyans antrepriz yo pou bay tout moun sèvis, kèlkeswa orijin ak kòb y ap touche.”

Pwofesyon pou kounye a: Direktè etablisman - Depatman sante ak ijyèn mantal NYC

Pwofesyon anvan: Nouvo Sipèvizè Transpò Dirèk; Lame Ameriken - Sèjan Premye Klass (E7)

Edikasyon: Doktè nan dwa nan Concord Law School

Afilyasyon Òganizasyonèl: VFW; American Legion; Catholic War Veterans; 82nd Airborne Division Association; Combat Infantrymen's Association; Cub Scouts; Knights of Columbus; NRA; Sunnyside GOP

Eksperyans piblik pase: Ansyen manm Komisyon kominotè 2

Enskri nan Pati: Repibliken

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl!
Rete enfòmè konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.



Eskane la oswa
vizite [nycvotes.org/
stay-informed](https://nycvotes.org/stay-informed)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Julie Won

Demokrat, Fanmi k ap Travay yo.

Marvin R Jeffcoat

Republiken, Konsèvatè, Libète medikal

Kriminalite

Yon solisyon global pou sekirite piblik mande plis pase jis fè respekte lalwa. Nou dwe trete rasin kriminalite a nan ogmante finansman pou resous sante mantal, agrandi modèl jistis reparatif la, ogmante opòtinite travay, ak bati lojman abòdab.

Kòm ansyen polisye militè, m konnen byen kisa sa mande pou retabli lòd nan vil nou a. Depi m fin eli, m ap imidyatman prezante yon pwojè lwa k ap gen pou restore imilite kalifye pou fòs lòd yo ak brigad katye yo. Se sèman solanèl m fè nou.

Enflasyon

Antanke lokatè ak yon paran, mwen santi efè ogmantasyon pri lwaye a ak pri lavi nan katye nou an ki pa sispann monte. Se poutèt sa mwen te jwenn plis pase 50 milyon dola nan finansman vil la dirèkteman pou katye nou yo, epi mwen te goumen pou yon kantite istorik lojman ki abòdab anpil.

Menm jan avèk nou, m te wè règleman k ap detui travay yo ogmante enflasyon epi redui sou kantite manje fanmi m. M ap rewè epi elimine règ k ap toufe komès la. M pral travay tou pou kreye sistèm taks k ap pi ba nan Amerik la pou travay yo ka retounen.

Pwoteksyon Demokrasi

Antanke Manm Konsèy la, se devwa m pou m defann dwa elektè m yo pou vote, epi elimine obstak sou wout pou yo ale nan vòt la. M ap sipòte totalman mezi pou pwoteje dwa elektè yo, elaji lè ak lokal Vòt Alavans yo, senplifye vòt pa lapòs, ak plis ankò.

Konstitisyon ameriken nan garanti yon demokrasi reprezantatif. Malerezman, konsèy minisipal la te abandone responsabilite pou debat ak fè lwa pou bay demokrat ki pa eli responsabilite sa ki estime yo konnenen pi byen sa nou bezwen pase nou menm. M ap repare sa.

Konsèy Minisipal Distri 27

Demokrat

- Nantasha M Williams

Repibliken, Konsèvatè, Libète medikal

- Marilyn Miller 

 Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Nantasha M Williams

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Prezèvasyon kalite lavi
2. Lojman abòdab
3. Ekite rasyal

“IMwen se yon lidè ki kwè nan otonomi moun nan kominote a otanke sa posib Se mwen menm ki responsab pou fasilite konvèsasyon kominote a sou gwo defi n ap fè fas yo epi pou nou jwenn yon fason pwoaktif pou vwa ki pa reprezante yo pou yo pale sou pwoblèm ki gen enpak sou yo. Biwo mwen gide pa prensip responsabilite, aksesibilite, epi transparans.”

Pwofesyon pou kounye a: Manadjè Pwojè, Konfòmite MWBE yo

Pwofesyon anvan yo: Manadjè, Kominote ak Relasyon Eksteryè

Edikasyon: Lisans (Syans Politik), Metriz (Administrasyon Piblik), Aktyèl etidyan nan doktora

Afilyasyon Òganizasyonèl: New York City Black Women's Political Club, Konsèy Kominotè 13, Women's March

Eksperyans piblik pase: Travay pou Lejislati Eta New York nan plizyè pòs

Enskri nan Pati: Demokrat



Marilyn Miller

Republikan, Konsèvatè, Libète medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Kriminalite ki wo
2. Sanzabri
3. Ti antrepriz

“Mwen se yon Fonksyonè NYPD ki pran retrèt epi yon sivivan sekouris 9-11. Mwen nan kous la pou abitan Nouyòk yo ak gran katye Queens lan. Vil nou an nan dezawa total akòz aksyon ak politik politisyen kowonpi yo k ap detui kominote nou yo ak kalite lavi nou; avèk politik yo k ap fè dega. Li lè pou n fè yo konnen “Nou menm Pèp la” fatige ak nivo krim ki men wotè a, sanzabri, lari sal yo, taks men wotè, enflasyon, atak ki fèt sou ti antrepriz yo epi konstitisyon an ki sipòte vyolasyon dwa sivil nou yo. SE TAN PA MILLER!”

Pwofesyon pou kounye a: Ajan Imobilye

Pwofesyon anvan: Fonksyonè NYPD

Edikasyon: Lisans nan Jistis penal

Afilyasyon Òganizasyonèl: PBA, NAR, NFRW, RJC

Eksperyans piblik pase: NON APLIKAB

Enskri nan Pati: Repibliken

prepare bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Nantasha M Williams

Demokrat

Marilyn Miller

Republiken, Konsèvatè, Libète medikal

Kriminalite

Antanke yon ansyen Manm Konsèy administrasyon an pou yon Pwogram lit kont vyolans, mwen kwè nan elajisman mwayen ki adispozisyon fòs lòd yo pou goumen kont kriminalite. Mwen kwè dispatchè 911 yo ta dwe ka kontakte travayè sosyal ak pwofesyonèl sante mantal, men mwen pa sipòte pou yo retire finansman lapolis la.

Kòm ansyen Fonksyonè NYPD m ap sevè ak krim ak rann lidè aktyèl yo responsab pou sekirite piblik. Liberasyon sou kosyon an dwe abwoje. Nou pa ka tolere yon pòt k ap pèmèt residivis vyolan yo retounen nan kominote yo pou vin fè plis krim.

Enflasyon

Enflasyon se yon gwo pwoblèm mond lan ap fè fas alòske pri enèji a monte ak konfli mondyal ki destabilize chèn apwovizyonman an. Mwen pral kontinye asire fanmi k ap travay yo pa sibi pwa monte pwodwi yo.

Enflasyon an pa t janm monte konsa. Pri byen ak sèvis yo tèlman ogmante jiskaske yo afekte kalite lavi nou. Dola ameriken an pèdi valè li, sa ki ogmante kou lavi a. Nou dwe itilize yon sistèm kote baz li se lò, ajan ak bitkwen.

Pwoteksyon Demokrasi

Kwayans mwen nan prezèvasyon ak pwomosyon nan demokrasi se absoli. Nou dwe fè plis pou rann vòt la pi fasil epi elaji elektora a otanke posib.

Peyi nou an te kreye sou fòm yon repiblik demokratik federal. Kòm dirijan eli, m ap pwoteje demokrasi a ak defann dwa sivil nou yo Konstitisyon an pwoteje.

Konsèy Minisipal Distri 28

Demokrat

- Adrienne E Adams

Republikan, Bon Sans

- Rusat Mohan Ramgopal ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Adrienne E Adams

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

1. Lojman ak kay abòdab
2. Opòtinite ekonomik
3. Sante mantal

“Adrienne Adams se premye prezidant afwo-amerikèn konsèy NYC, k ap dirije majorite fanm ki plis divèsifye nan istwa vil la. Li kreye yon pwogram lejislatif ekitab, ki priyorize pwoblèm fanm ak fanmi yo ap konfwonte. Li te dirije konsèy la pou konbat disparite rasyal ki genyen nan domèn sante matènèl ak swen repwodiktif. Li te mennen yon lejislasyon pou divèsifye FDNY, amelyore lwa sou transparans salaryal New York la, epi ogmante resous pou viktim vyolans nan kay ak vyolans ki fèt sou fanm. Prezidan Adams bay manm konsèy yo \$100k pou investi nan kèk pwogram pou bay viktim yo sèvis epi bay CUNY Reconnect \$4.4M dola pou bay aksè ak ansèyman siperyè.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy

Pwofesyon anvan: Fòmateur nan antrepriz

Edikasyon: Diplome nan Kolèj

Afilyasyon òganizasyonèl: Alpha Kappa Alpha Sorority, Inc.

Eksperyans piblik pase: Konsèy Minisipal

Enskri nan Pati: Demokrat



Rusat Mohan Ramgopal ✓

Repibliken, Bon Sans

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Lekòl Piblik/Edikasyon
3. Asenisman ak Wout

“Yo neglije kominote nou an nan Distri 28 la depi plizyè lane. Sekirite Piblik la ap travèse yon kriz, lekòl piblik nou yo ap kraze epi lari yo pa pwòp epi yo chaje twou tout kote. Li pa sifi pou w rete ap plenyen, ou dwe vote pou yo kapab reprezante w. Mwen se yon pwodui kominote a epi mwen vle sèvi l paske wen konnen ansanm nou kapab reyalize anpil gwo bagay.”

Pwofesyon pou kounye a: Kandida Konsèy Minisipal la

Pwofesyon anvan yo: Divès Pozisyon nan Globespan 24/7 Media, KCL Legal Clinic, U.S. State Department VSFS, John Jay College, New York City Urban Debate League

Edikasyon: Inivèsite London, King's College, LL.B (Lisans nan dwa) Inivèsite Georgetown, LL.M. (Lisans nan dwa), Columbia Secondary School

Afilyasyon òganizasyonèl: Queens Book Fair, Shri Trimurti Bhavan, Diwali Motorcade Show

Eksperyans piblik pase: Manm Konsèy Kominotè Queens 10, NYC Depat. Edikasyon SLT

Enskri nan Pati: Repibliken

konpare kandida yo



Vizite Gid Elektè anliy nou an pou w ka wè pozisyon kandida yo konsènan pwoblèm ki pi enpòtan pou ou yo, epi konpare opinyon yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Adrienne E Adams

Demokrat

Rusat Mohan Ramgopal

Repibliken, Bon Sans

Kriminalite

Mwayen pou amelyore sekirite piblik se investi nan solisyon ki pote prèv k ap anpeche zak kriminel fèt: entèvansyon kote lajenès, opòtinite ekonomik, epi tretman pou sante mantal se kèk egzanp investisman sa.

Estrateji moun egare a “Defund the Police” demokrat yo t ap soutni a lage Nouyòk nan yon kriz. Moun yo pa santi yo an sekirite ankò. Nivo kriminalite a ap monte kote se kominote pòv ak minoritè yo sa fè plis mal. Nou bezwen travay ak Lapolis la, se pa kont li.

Enflasyon

Enflasyon se yon pwoblèm ki gen gwo enpak sou nou. Ogmantasyon kou lavi a, akòz apwovizyonman ki pa fèt rapid, vin kreye yon gwo fado. Kòm dirijan eli, nou dwe travay ak patnè federal nou yo pou evite fè twòp prelevman sou rezidan nou yo.

Enflasyon an ap frape tout moun, soti nan episri rive nan ponp gaz yo. Politik ak depans ensousyan gouvènman Nouyòk yo pa ranje sitiasyon an, tankou nouvo ogmantasyon pri kat metwo yo. Chak lè m kapab fè sa m ap goumen kont ogmantasyon lavi chè a. Nou pa gen lajan nan pòch nou pandan gen lòt moun se kado y ap ba yo.

Pwoteksyon Demokrasi

Pwoteksyon demokrasi sakre nou an primòdyal pou siksè nasyon souverèn nou an. Kòm peyi, nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje dwa tout moun k ap viv nan peyi a.

Paran mwenn yo te kite Lagiyàn pou vin Etazini pou Demokrasi Demokrasi a fè mal lè moun ki sou pouvwa yo pa gen moun an fas yo, lè yo panse pouvwa a se pou yo epi yo sispann sèvi pèp la pandan yo panse yo ka fè sa yo vle ak li. Se sa k ap pase la kounye a ak Demokrasi a nan Nouyòk. Ann chanje sa a 7 Novanm.

gade videyo kandida yo

Vizite **Gid Elektè** anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apres a gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.



Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konsèy Minisipal Distri 29

Demokrat

- Lynn C Schulman ✓

Republikèn, Konsèvatè

- Danniel Maio ✓

Sans Komen

- Sukhi Singh ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Lynn C Schulman ✓

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Amelyore swen sante; ranfòse kapasite lopital yo
- Envesti nan lekòl lokal nou yo
- Sipòte granmoun ki aje ak retirete yo

“Mwen kandida pou re-eleksyon pou kontinye rann swen sante abòdab ak aksesib pou tout Nouyòkè. Nan premye manda mwen an, antanke Prezidan Komite Sante a, mwen te ede fè vil la vin pi abòdab kote m te amelyore swen fanm yo, m te entwodwi premye Plan Rediksyon Dyabèt Vil la ak amelyore opsyon sante yo ofri pou granmoun ki antre nan laj yo.

Pandan n ap sòti anba pi move kriz sante piblik nan lavi nou an, kounye a plis pase tout tan, li enpòtan anpil pou nou gen yon vwa solid, endepandan, nan Konsèy Minisipal la ki reprezante Forest Hills, Kew Gardens, Richmond Hill ak Rego Park.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan yo: NYC Health and Hospitals Corporation; FDNY-EMS

Edikasyon: Pwogram Lidèchip Egzekitif Harvard; JD - Brooklyn Law School; Lisans - NYU

Afilyasyon Òganizasyonèl: CB 6, CEC 28, 112th Pct. Konsèy

Eksperyans piblik pase: Konsèy NYC; Asanble NYS;

Enskri nan Pati: Demokrat



Danniell Maio

Repibliken, Konsèvatè

3 pi gwo pwoblèm:

1. Krim, vote Repibliken
2. Enpo ak gaspiyaj, vote Konsèvatè
3. Elektè yo mande verite ak responsablite

“Mèsi paske w ap li Gid Elektè a.

Politik la se yon jwèt ki plen RIZ. Ganyan yo plen pòch yo, yo bon sou pèdan yo. Pa gen pataje pouvwa, pa gen deba, silans sou detay yo, règ yo aplike sèlman lè yo benefik epi yo pa baze sou ekite. Danniell Maio gen entansyon denonse pratik politik sa.”

Pwofesyon pou kounye a: Katograf epi analis done nan konpayi Identity Map Company

Pwofesyon anvan yo: Achtè nan Westinghouse Electric; Jiris nan Epstein Becker & Green

Edikasyon: MS nan Inivèsite Chaminde (Honolulu, HI); Lisans pou yon etid entènasyonal nan Inivèsite Ameriken (Washington, DC)

Afilyasyon Òganizasyonèl: Klèb repibliken Central Queens

Eksperyans piblik pase: kandida politik an 2001, 2008, 2016, 2020, 2022

Enskri nan Pati: Repibliken



Sukhi Singh

Sans Komen

3 pi gwo pwoblèm:

1. Non pou koupe bidjè edikasyonèl
2. Angaje pou kreye lari ki pi an sekirite
3. Elaji lwa estabilizasyon lwaye yo

“1-vote “non” pou nenpòt rediksyon bidje vil la pou edikasyon

2 -angaje nan kreye lari ki pi an sekirite pou tout kominote lokal yo epi atake zak kriminel rayisman ak vyolans

3 -elaji lwa estabilizasyon lwaye yo epi pwoteje alafwa lokatè a ak pwopriyetè a lè nou pwopoze yon chanjman nan lwa ki gen plizyè dekad ki pa marche kounye a.

4 -asire aksè nan tout lang nan tout ajans ak depatman leta yo

5-soutni queenslink pou amelyore aksesibilite transpò komen yo nan sant ak nan sidès queens”

Pwofesyon pou kounye a: Konsiltan nan enfòmatrik

Pwofesyon anvan: Konsiltan nan enfòmatrik

Edikasyon: College

Afilyasyon Òganizasyonèl: The Sikh Cultural Society Inc.

Eksperyans piblik pase: Kandida lidè distri 2022

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Lynn C Schulman

Demokrat

Danniel Maio

Republiken, Konsèvatè

Kriminalite

Premye responsabilite administrasyon an se fè moun santi yo an sekirite. Sekirite piblik se yon pwoblèm konplèks ki mande anpil nivo envestisman, tankou finansman pou entèwonp vyolans, ogmantasyon sèvis sante mantal, patisipasyon NYPD, ak kontribisyon patnè kominotè nou yo.

Lwa sou refòm liberasyon sou kosyon an legalize deli minè yo. NYPD a anba minòt epi li demoralize, sitwayen onèt ki respekte lalwa yo ap sibi doub pèn: kriminalite, epi sistèm jidisyè a. Priyorez sekirite depandaman de ras, richès oswa sèks la PA BON. Poukisa krim sanginè yo gen plis atansyon?

Enflasyon

Pandan n ap sòti anba pi move kriz sante piblik nan lavi nou an, enflasyon an te ogmante dramatikman, sa ki fè fanmi k ap travay yo mal. Mwen sipòte lejislasyon NYS la pou ogmante salè minimòm lan chak ane an fonksyon to enflasyon an. Sa t ap asire estabilite finansye pou moun k ap travay nan New York.

Vòlè valiz yo, pri ankonbman, ogmantasyon taks sou pwopriyete, OATH, evazyon fiskal, taks sou lojman ki gen rapò ak chanjman klimatik ak taks sou sèvis piblik, \$112 milya bidjè minisipal... Aksyon gouvènmantal yo k ap ogmante enflasyon an merite sispann epi mande kontwòl tou. Nan ka kote gen erè oswa enjistis, ranbouse kontribyab la!

Pwoteksyon Demokrasi

Valè libète ak respè pou dwa moun yo se eleman esansyèl an demokrasi. Enstitisyon demokratik nou yo dwe pwoteje kont nenpòt abi pouvwa, nasyonalman ak lokalman.

Vote kont kandida ki vle pou yo re-eli yo. Demokrasi a fonksyone pi byen lè gen konpetisyon. Ane sa a, 15 plas nan Konsèy Minisipal la pa gen opozan!

Sukhi Singh ✓

Sans Komen

Angaje nan kreye lari ki pi an sekirite pou tout kominote yo lè n finanse diferan pwogram edikatif pou lite kont krim layèn lakoz ak vyolans an jeneral

Nou ta dwe finanse agrikiltè lokal yo, fabrikan yo ak ti antrepriz yo pou yo ka pwodui apati lakay yo olye yo enpòte tout bagay

Nou se demokrasi ki pi ansyen nan monn nan e pou li ka rete jis epi transparan, komisyon elektoral nou an dwe gen tout resous ki nesèsè yo epi li finanse kòrèkteman

suiv NYC Votes

Ou kapab suiv NYC Votes pou w jwenn tout dènye mizajou sou eleksyon yo!

@nycvotes



Konsèy Minisipal Distri 30

Demokrat, Repibliken, Konsèvatè, Byennèt Animal, Libète Medikal

- Robert Francis Holden ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Robert Francis Holden ✓

Demokrat, Repibliken, Konsèvatè, Byennèt Animal, Libète Medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Kalite lavi
3. Edikasyon

“Antanke Manm Konsèy la, mwen angaje nan amelyore kalite lavi elektè mwen yo. Rasin mwen ki pwofon nan rejyon sa a, ki kouvri plizyè jenerasyon, banm yon vizyon san paryè ak yon pasyon pou sèvi kominote a. Mwen te leve defi vil nou an t ap afwonte yo san m pa t pè epi mwen fyè paske m te jwenn yon finansman ki te bat tout rekò yo pou lekòl nou yo, pak nou yo ak sant pou moun ki aje nou yo. Devouman mwen pou sekirite piblik, kalite lavi, ak sèvis pou elektè yo te ban m yon repitasyon antanke youn nan twa pi gwo Manm Konsèy NYC yo. Avèk 48 ane eksperyans antanke manm sendika, lidè sivik, ak ofisyèl ki eli, mwen pote yon apwòch komen nan travay mwen epi mwen ap kontinye goumen pou ou.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Pwofesè Kolèj

Edikasyon: MFA

Afilyasyon òganizasyonèl: Juniper Park Civic Assn

Eksperyans piblik pase: Konsèy Minisipal New York

Enskri nan Pati: Demokrat

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Robert Francis Holden

Demokrat, Repibliken, Konsèvatè,
Byennèt Animal, Libète Medikal

Kriminalite

Mwen sipòte ajans k ap fè respekte lalwa nou yo, tankou NYPD, ofisye penitansyè yo, ponpye yo, travayè EMS yo, ak veteran yo. San sekirite piblik, n ap pèdi vil nou an epi n ap kontinye wè yon gwo egzòd kap soti nan NYC.

Enflasyon

Katye klas mwayèn lan ak klas travayè yo se yo ki plis afekte pa enflasyon an, ki rive prensipalman gras ak ogmantasyon pri enèji ak depans gouvènman an ki pa kontwòle. Pou abòde pwoblèm sa yo, peyi nou an dwe pran mezi pou li vin endepandan nan zafè enèji.

Pwoteksyon Demokrasi

Pèmèt epi ankouraje yon pakèt vwa ak opinyon esansyèl pou pwoteje demokrasi nou an. Koute lòt opinyon yo enpòtan anpil. Twòp moun dakò pou fèmen deba yo epi medya yo sanble ap alimante divizyon an.

resevwa alèt sou eleksyon yo

Enskri pou w resevwa alèt pou eleksyon yo pa mesaj tèks oswa pa imèl! Rete enfòme konsènan dat limit enpòtan yo ak kilè pou w vote.

Eskane la oswa vizite nycvotes.org/stay-informed



Konsèy Minisipal Distri 31

Demokrat

- Selvena N Brooks-Powers

Repibliken, Mad as Hell, Pati Parantal

- Daniella May ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Selvena N Brooks-Powers

Demokrat

3 pi gwo pwoblèm:

- Kalite lavi
- Lojman
- Devlopman Kominotè ak enfrastrikti

“Depi aprè eleksyon nou an 2021, rapid nou te kòmanse travay epi nou jwenn plis pase 100 milyon dola pou sekirite piblik, inogire yon nouvo lekòl, yon sant pou ti granmoun, epi yon teren foutbòl modèn. Nou investè gwo sòm nan lajènès nou an, granmoun nou yo ak nan pak yo, pandan nou toujou kenbe òganis yo pou yo reponn ak bezwen nou yo. Mwen te kreye tou yon gwoup pou travay sou twomatis yo pou ranfòse enfrakstrikti sante nou an. Mwen pral kandida nan eleksyon ankò paske gen anpil travay ki pou fèt toujou.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm konsèy NYC

Pwofesyon anvan yo: Direktè JFK Redevelopment Community Outreach & External Affairs, Direktè Kominikasyon, SEIU International & Biwo Majistra NYC la

Edikasyon: Metriz nan Lwa entènasyonal, NYU; Lisans nan Sosyoloji, Wilberforce University

Afilyasyon òganizasyonèl: Delta Sigma Theta Sorority, Inc., Greater Allen AME

Eksperyans piblik pase: Konsèy NYC

Enskri nan Pati: Demokrat



Daniella May

Repiblikan, Mad as Hell, Pati Parantal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Mete yon Sant Twomatoloji nan Far-Rockaway.
2. Priyorize enfastrikti ki solid pou dirabilite.
3. Lite kont Kriminalite ak aktivite epi sansibilizasyon.

“Daniela se yon ansyen enfimye ki diplome nan lekòl Martin Van Buren HS, te travay an premye liy pandan pandemi an nan patisipe nan prevansyon kont COVID-19, nan vaksinasyon ak swen blesi yo pou sanzabri yo. Li swete kreye yon sant twomatoloji nivo 1 nan Far Rockaway pou pote yon solisyon pou depasman long distans yo ki ka lakoz lanmò. Daniela priyorize enfastrikti ak rediksyon to kriminalite a gras ak aktivite ekstra eskolè epi ak yon angajman pozitif bò kote lapolis. Kandida pou Konsèy Minisipal Distri 31 an, Daniela ap chache gen yon enpak pozitif.”

Pwofesyon pou kounye a: Fondatris - Non Profit Agenda 700

Pwofesyon anvan: Enfimye Lisansye Otorize

Edikasyon: School of Practical Nursing Konte Veeb Nassau

Afilyasyon òganizasyonèl: New York Young Republican Club

Eksperyans piblik pase: Okenn

Enskri nan Pati: Repiblikan

prepare bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak yo
nan biwo vòt ou a!



Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Selvena N Brooks-Powers

Demokrat

Daniella May

Republiken, Mad as Hell, Pati Parantal

Kriminalite

Nou dwe trete kriminalite a moso pa moso jan li parèt la, espesyalman delenkan vyolan yo. Men, nou dwe rekonèt epi pran an chaj obstak sistemik ki se prensipal koz zak kriminèl nou wè yo. Sa vle di investi nan pwogram lwazi, lojman, anplwa, aksè ak swen sante ak bon kalte manje.

Kriminalite a se yon gwo pwoblèm ki bezwen gwo mezi pou pwoteje sekirite kominote nou yo. Pou konbat kriminalite a ak efikasite, fok gen yon konbinezon politik aplikasyon lalwa ki estrik, responsabilite pèsònèl ak fanmi ansanm ak yon kominote ki fò.

Enflasyon

Fanmi nan distri mwen ye a nan difikilte akòz enflasyon ak lavi chè. Nou te wè deplasman kèk fanmi nwa dènyèmman. Nou dwe jwenn mwayen pou rezoud pwoblèm lavi chè, transpò, epi lòt toujou.

Enflasyon ka gen move konsekans sou moun ak antrepriz yo. Enflasyon mande yon politik ki pridan ki la pou asire responsabilite bidjetè, yon politik monetè ki san danje ak lib konkirans sou mache a pou ka minimize oswa fè prevansyon kont enflasyon pou garanti yon fiti ekonomik ki estab epi pwospè.

Pwoteksyon Demokrasi

6 janvyè se te yon rapèl sou kijan demokrasi nou an ka vrèman frajil. Se rezon ki fè nou dwe asire nou retire obstak pou vote epi pran lòt mezi pou pwoteje dwa fondamantal ak valè nou tout apresye jodia.

Pwoteje demokrasi se yon priorite ki bezwen yon angajman pou fè pwomosyon pou yon eta ki valorize dwa moun, pwoteje dwa ak libète endividyèl yo epi pou fè pwomosyon pou angajman ak patisipasyon sivik. Si nou pwoteje demokrasi a nou ka garanti yon sosyete lib, jis epi pwospè pou tout moun

Konsèy Minisipal Distri 32

Repibliken, Konsèvatè

- Joann Ariola ✓

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Joann Ariola ✓

Repibliken, Konsèvatè

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sekirite piblik
2. Kalite lavi
3. Ekonomi

“IMwen vini pou eleksyon ankò paske mwen konnen gen anpil bagay ki rete pou fè pou vil sa vin tounen yon zòn kote tout nouyòkè ka santi yo an sekirite epi jwi kalite lavi nou gen dwa espere a. Nan lit ki gen pou vini yo, mwen gen entansyon kontinye lite pou amelyore sekirite piblik epi planifye pou lari yo ka pi pwòp epi plis an sekirite posib.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy minisipal NYC

Pwofesyon anvan yo: Direktè, Zafè Entègouvènmanal, Rezo Sante MediSys

Edikasyon: Adelphi Business School

Afilyasyon Òganizasyonèl: Prezidan, Komite jesyon dife ak ijans konsèy NYC

Eksperyans piblik pase: Komisè Adjwen, Inite Asistans Kominotè Majistra yo, Chèf Estaf, Konsèy NYC

Enskri nan Pati: Repibliken

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Joann Ariola ✓

Republikan, Konsèvatè

Kriminalite	Menm lè krim yo diminye nan kèk domèn, vyolans ak zam epi zak kriminel vyòlan kontinye ogmante. Mwen soutni inisyativ pou prevansyon krim administrasyon yo, NYPD ak anilasyon mezi refòm libète sou kosyon ki echwe epi ki pèmèt kriminel vyolan rete nan lari yo.
Enflasyon	Sa vin pi difisil pou moun rete nan vil nou an epi nan Eta nou an epi achte yon kay epi nourri fanmi yo. Se pou rezon sa m finanse epi soutni bank alimantè lokal yo epi vote pou rèmèt pwopriyetè yo lajan enpo yo. Se te premye ranbousman sou plis pase dis an.
Pwoteksyon Demokrasi	Mwen kwè nan demokrasi epi mwen te vin manm konsèy NYC la pou m pwoteje demokrasi sa ak dwa moun k ap viv NYC.

prepare bilten vòt ou a

Ou fin chwazi kandida w yo?
Make chwa w yo epi ale ak
yo nan biwo vòt ou a!

Eskane la oswa vizite
[haitiancreole.nycvotes.org/
plan-your-ballot](https://haitiancreole.nycvotes.org/plan-your-ballot)



Konsèy Minisipal Distri 34

Demokrat, Working Families

- Jennifer Gutierrez ✓

Libète medikal

- Marguerite Chandler

✓ Badj sa a ap parèt si yon kandida ap patisipe nan pwogram Fon an Kontrepati vil Nouyòk la, ki ede kandida yo konte sou rezidan Vil Nouyòk yo—pa sou enterè espesyal—pou finanse kanpay yo. Aprann plis nan [paj 61](#).

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan bilten vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w wè lis kandida ki pi ajou yo, jwenn videyo kandida yo, epi konpare pozisyon yo sou pwoblèm yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates.



Jennifer Gutierrez ✓

Demokrat, Working Families

3 pi gwo pwoblèm:

1. Swen Inivèsèl pou Timoun
2. Ranfòse ak elaji pwoteksyon lokatè yo
3. Jistis anviwònmantal

“Jennifer Gutièrrez se yon òganizatis, aktivis epi yon alye. Pandan plis pase yon deseni, Jennifer te ap okipe l de anje ki afekte fanmi li reprezante kounye a yo. Li te fèt ak grandi nan Queens paran l se te imigran Kolonbyen yo te ye, Jennifer te grandi nan yon apatman yon chanm epi li te ale nan lekòl leta. Li te yon avoka depi tou piti lè papa l te vin andikape epi li te nan litij ak konpayi asirans yo, epi li te konn akonpaye manman l nan misyon netwayaj yo pou entèprete ak negosye salè pou li. Pandan manda li a, li batay pou lojman abòdab, pou kenbe finansman lekòl yo ak krèch yo, pou bon jan ekite ak aksè, pou batay kont diminisyon bidjè sèvis sosyal yo ke kominote nou yo bezwen anpil.”

Pwofesyon pou kounye a: Manm Konsèy la

Pwofesyon anvan: Chèf pèsònèl

Edikasyon: University at Albany

Afilyasyon Òganizasyonèl: Non aplikab

Eksperyans piblik pase: Non aplikab

Enskri nan Pati: Demokrat



Marguerite Chandler

Libète medikal

3 pi gwo pwoblèm:

1. Sansire, Libète Ekspresyon
2. Libète Medikal
3. Vil la fè fayit

“Mwen se yon entèlektyèl otodikdat nan anpil kesyon k ap fè aktyalite, istwa ak ekonomi. Nou bezwen yon lapli, yon delij enfòmasyon, pou sitwayen nou yo ka an mezi pou yo fòje pwòp opinyon pa yo. “San vizyon yon pèp ap peri.” Se sèlman nan echanje enfòmasyon yo libremman n ap ka pwogrese epi inovè.”

Pwofesyon pou kounye a: Retrete

Pwofesyon anvan yo: Potye, ekriyen, òganizatè ko abitasyon

Edikasyon: Inivèsite, pa diplome. U.C.L.A. U.C. Santa Barbara, divès fakilte kominotè ak lekòl Inivèsite Leta. College of Music, Marin county, California

Afilyasyon òganizasyonèl: Gwoup kont lagè BlockBush, reprezantan Kongrè Biorejyonal. Hudson River Sloop Singer for Clearwater. Sloop Club Beacon NY.

Eksperyans piblik pase: okenn

Enskri nan Pati: Repibliken

gade videyo kandida yo



Vizite **Gid Elektè** anliy nou an pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou kandida yo! Antre adrès ou pou w ka jwenn kandida yo ki sou Bilten Vòt ou a, epi apres a gade pwofil yo pou w ka wè videyo kandida yo.

Eskane la oswa vizite haitiancreole.nycvotes.org/candidates

Konpare Kandida yo

Ane sa a, nou te mande kandida yo pou yo pataje pozisyon yo sou uit pwoblèm Nouyòkè yo te di ki pi enpòtan pou yo nan yon Sondaj ki sot pase nan Quinnipiac University: krim, enflasyon, pwoteksyon demokrasi, avòtman, lojman abòdab, sanzabri, inegalite rasyal, ak chanjman klimatik. Pou w konpare repons kandida yo sou kesyon sa yo, vizite haitiancreole.nycvotes.org/compare.

Chèche jwenn distri konsèy minisipal ou a sou findmypollsite.vote.nyc.

Jennifer Gutierrez

Demokrat, Working Families

Marguerite Chandler

Libète medikal

Kriminalite

Nou dwe konsantre pou retire zam nan men timoun nou yo, e omante finansman pou resous kominotè nou konnen k ap fonksyone: sante mantal ak sèvis toksikomani, bon lojman ak kanpe sou vyolans nan lekòl.

Nou bezwen travay ansanm, antanke moun k ap viv k ap respire, pou n asire n nou gen kondisyon apwopriye pou n gen lapè lakay nou ak nan kominote nou; k ap enplike tou pak ak pwogram pou jèn. Kriminèl vyolan residivis yo dwe rete nan prizon jiska pwosè yo.

Enflasyon

Nouyòkè yo chak jou gen difikilte pou yo rale yon souf nan vil nou an; pri lwaye a te monte ak pri lèt ak ze yo nan yon pi wo. Pou kounya, nou dwe konsantre nou sou investisman enpòtan nan sèvis sosyal nan tout gouvènman an pou sipòte fanmi ki plis bezwen yo.

Pwoblèm ekonomik la se rezilta politik gouvènmantal yo. Enflasyon an ap vòlè moun k ap ekonomize yo. Evolisyon an enflasyon an riske kreye pwoblèm grangou, pi grav pase grangou ki deja gen la. Mwen bezwen moun k ap kiltive manje nan vil la, k ap itilize metòd pèmakiltirèl ak agrikòl.

Pwoteksyon Demokrasi

Sa fè lontan mwen se yon defansè pou vil mwen an ak vòt mwen, epi m kwè chak Nouyòkè, kèlkeswa sitiwayon imigrasyon yo, ta dwe kapab vote nan vil nou an. Mwen pral kontinye pouse Eta a tou pou aplike enskripsyon elektè menm jou a.

Vòt la enpòtan anpil. Anpil moun bay vi yo pou yo jwenn vòt. Li presye anpil. Lè yo kontwole bilten “òfelen” ki soti nan fo lis elektoral yo, yo redui, vòlè vòt sitwayen yo. Mwen rete kwè se sèl sitwayen USA ki ta sipoze ka vote.

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo pou otòn 2023 a

Kisa pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ye?

Pwopozisyon nan eleksyon sa yo konsène amannman nan Konstitisyon Eta a. Gen de (2) pwopozisyon ki konsène tout Eta a ki sou Bilten Vòt la otòn sa a.

Ou ka vote "Wi" oswa "Non" pou chak pwopozisyon sa yo. Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo ap apwouve si yo resevwa majorite vòt yo.

Poukisa Pwopozisyon sa yo sou Bilten Vòt la?

Lejislati Eta Nouyòk la pwopoze epi adopte mezi bilten vòt nan tout Eta a pou Nouyòkè yo vote.

Proposal 1	Proposal 2
	
1 <input type="radio"/> Yes <input type="radio"/> No	2 <input type="radio"/> Yes <input type="radio"/> No

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo 1

Retrè Distri Eskolè ti Vil yo nan Limitasyon Espesyal Dèt Konstitisyonèl la

Sa w ap wè sou bilten vòt la

Amanman ki pwopoze nan Atik 8, seksyon 4 Konstitisyon an retire limit espesyal dèt konstitisyonèl yo egzije distri eskolè ti vil yo, yon fason pou yo trete yo menm jan ak tout lòt distri eskolè yo. Èske amanman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Amanman konstitisyonèl sa a retire limit dèt espesyal pou distri eskolè ti vil yo. Yo ta etabli limit dèt nan lwa eta a pou tout distri eskolè yo.

Yon distri eskolè ti vil se youn ki gen ladan l omwen yon pati nan yon ti vil. Yon ti vil se yon vil ki gen mwens pase san vennsenk mil moun.

Konstitisyon Eta a limite kantite dèt yon distri eskolè ti vil kapab genyen. Dèt yo pa dwe depase senk pousan nan valè byen imobilye taksab nan distri a. Gen eksepsyon pou kèk depans. Lòt distri eskolè yo pa genyen restriksyon sou dèt konstitisyonèl, men yo gen yon limit dèt diferan lalwa eta a bay. Lwa Eta a di dèt yo a pa dwe depase dis pousan nan valè byen imobilye taksab yo. Si Amanman Konstitisyonèl sa a pase, distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt ak lòt distri eskolè yo yo te adopte atravè yon aksyon lejislatif.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Distri eskolè ti vil yo ta kapab elijib pou yo genyen menm limit dèt, ki te antre an vigè atravè lalwa, ak lòt distri eskolè eta yo.

Pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo 2

Pwolonje eksklizyon limit dèt pou pwojè egou yo

Sa w ap wè sou Bilten Vòt la

Amanman yo pwopoze nan Atik 8, seksyon 5 Konstitisyon an pwolonje otorite konte, vil, ak vilaj yo pou yo retire nan limit dèt konstitisyonèl yo a dèt pou konstriksyon enstalasyon pou egou pou dis lane. Èske amanman yo pwopoze a ap apwouve?

Rezime Pwopozisyon an:

Konstitisyon an limite dèt konte, vil, ak vilaj yo ka genyen. Limit dèt sa a pa enkli dèt pou pwojè konstriksyon tretman dlo egou yo. Eksepsyon pou dèt pou egou a ap ekspire 1ye janvyè 2024. Amanman sa a pwolonje eksepsyon ki gen rapò ak dèt egou a pou dis ane ankò jiska 1ye janvyè 2034.

Amanman yo pwopoze a fè sa lè l chanje seksyon 5 nan atik 8 Konstitisyon an.

Si Pwopozisyon sa a pase:

Esklizyon depans pou tretman ak eliminasyon dlo egou nan kantite lajan dèt Konstitisyon an pèmèt konte, vil, ak vilaj yo pou yo genyen an ta va kenbe pou 10 lane ankò.

Konsènan NYC Votes

NYC Votes se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la, ajans minisipal endepandan ki ap veve pou eleksyon lokal yo ekitab, enklizif epi transparan.

Nou ankouraje patisipasyon elektè yo ak kandida yo pou Fonksyonè ki Eli nou yo ka reponn ak bezwen divès kominote nou yo, epi ak pwoblèm ki enterese elektè yo.

Nou fè sa lè nou bay Nouyòkè ki gen mwens tandans pou yo vote yo mwayen, lè nou redui obstak pou moun vin kandida pou yon fonksyon epi lè nou ofri solisyon pou amelyore sistèm eleksyon nou an. NYC Votes kolabore ak òganizasyon kominotè, volontè epi ak lòt ajans minisipal pou enskri, edike epi motive elektè yo toupatou nan vil la. Objektif nou se pèmèt tout Nouyòkè pi byen konprann pwosesis elektoral la gras ak yon dyalòg onèt sou fason eleksyon nou yo fonksyone ak poukisa yo enpòtan.

Kreye depi 1988, ajans la bay moun New York yo enfòmasyon sou kandida ki nan Bilten Vòt yo a epi kijan y ap finanse kanpay yo. Pwogram fon an kontrepati nou an pèmèt nou asosye chak \$1 yon donatè lokal bay jiska \$8, pou finansman vil la, pou ankouraje kandida vil yo konsantre yo sou kominote yo a olye pou yo konsantre yo sou enterè patikilye yo.

Pwogram Fon an kontrepati (Matching Funds Program)

Kontribisyon ou bay pou kandida vil la ale pi lwen toujou lè w sipòte kandida ki patisipe nan pwogram fon an kontrepati vil la. Don rezidan vil yo bay pou kandida k ap patisipe yo ka matche a \$8-pou-\$1. Sa vle di lè ou bay \$10, kandida a resevwa \$90.

Pwogram sa a pèmèt nou asire nou se ti don ti grenn dola Nouyòkè yo ki finanse kanpay yo, se pa enterè patikilye. Sa vle di tou kandida ki pa rich men ki gen gwo sipò kominote a kapab gen mwayen pou yo poze kandidati yo, sa ki kreye yon gouvènman ki pi divèsifye ak pi reprezantatif. Nan eleksyon 2021 Vil New York la, plis pase 83% nan kandida lokal yo te deklare fon an kontrepati yo te esansyèl pou yo te ka poze kandidati yo.



Kontribiye nan
contribute.nycvotes.org

Kesyon yo Poze Souvan yo

Jeneral

Kisa ki yon Eleksyon Jeneral ye?

Nan eleksyon jeneral la, kandida ki soti nan diferan pati ap afwonte youn lòt pou yo ka genyen yon fonksyon yo atribye atravè eleksyon. Ou ka vote pou nenpòt kandida ki nan nenpòt pati pou chak fonksyon ki sou Bilten Vòt la. Ou ka vote "wi" oswa "non" tou pou pwopozisyon ki sou Bilten Vòt yo. Tout elektè ki te enskri nan dat limit la elijib pou yo vote nan yon eleksyon jeneral.

Kòman mwen ka verifye si mwen te enskri pou vote?

Vizite voterlookup.elections.ny.gov oswa rele nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) Vil Nouyòk la nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo.

E si mwen te deplase anndan Vil Nouyòk la depi dènye fwa mwen te vote a?

Lè w demenaje, ou ta dwe chanje adrès ou nan Konsèy Elektoral (Board of Elections) la lè w soumèt yon nouvo fòm enskripsyon elektè. Konsèy Elektoral la dwe resevwa chanjman adrès ou anvan **23 oktòb**. Rele nan **866-VOTE-NYC (866-868-3692)** oswa **TTY 212-487-5496** pou moun ki mal pou tande yo pou chèche konnen si yo te trete chanjman adrès ou an.

Si adrès ou poko aktyalize, ou kapab vote nan Biwo vòt kote yo make pou nouvo adrès ou lè ou mande yon Bilten vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an.

Vòt pa Korespondans

Ki rezon valab ki genyen pou mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Ou ka mande yon bilten vòt pou moun ki absan si w lwen Vil Nouyòk Jou Eleksyon an, si w gen yon maladi oswa yon andikap fizik, si w se yon founisè swen primè pou moun ki malad oswa ki andikape fizikman, yon rezidan oswa yon pasyan nan yon Lopital Administrasyon Sante Veteran yo, oswa si ou nan prizon (pou nenpòt rezon ki pa yon kondanasyon pou krim) oswa si w ap tann pwose. Ou ka make rezon ou an sou fòmilè demann Bilten Vòt moun ki absan ou an.

Èske mwen toujou kalifye pou vote an pèsòn si mwen mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan?

Si w mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe planifye pou w vote avèk li. Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt ki biwo vòt pandan biwo vòt yo ouvè. Sepandan, si ou chwazi vote an pèsòn apre ou fin mande yon Bilten Vòt Moun ki Absan, ou dwe vote ak yon Bilten Vòt sou sèman nan Biwo vòt ou an. Bilten Vòt sa a ap parèt diferan. Mande yon moun k ap travay nan biwo Vòt la èd si ou bezwen sa.

Èske mwen dwe mete tenb si m ap poste Bilten Vòt mwen an?

Ou pa bezwen ajoute yon tenb. Sepandan, pa bliye voye tounen nan kourye lapòs Bilten Vòt ou an kou sa posib. Li dwe vini ak tout so lapòs sou li nan Jou Eleksyon an epi konsèy konte a dwe resevwa l anvan 14 novanm pou li ka valid.

Èske mwen ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an nan Biwo vòt mwen an?

Wi! Ou ka depoze Bilten Vòt Moun ki Absan ou an nan nenpòt Biwo vòt nan vil Nouyòk oswa nan biwo Konsèy Elektoral la. Bwat pou Bilten Vòt yo ap disponib nan gichè resepsyon an. Ou pa bezwen ajoute yon tenb.

Èske mwen ka swiv Bilten Vòt mwen an aprè mwen fin retounen li?

Wi! Vizite nycabsentee.com/tracking.

E si gen yon pwoblèm ak Bilten Vòt Moun ki Absan mwen an? Èske mwen ap gen posibilite pou m korije li?

Konsèy Elektoral la dwe enfòme w dapre lalwa si gen yon erè ki reparab sou anvlòp Bilten Vòt ou a tankou yon siyati ki pa la oswa ki pa kòrèk. Si gen yon erè nan Bilten Vòt ou an ki ka repare, y ap kontakte ou pa lapòs, imèl, telefòn (si li disponib) nan yon delè 1 jou apre yo fin dekouvri erè a. W ap gen jiska 7 jou ouvrab pou w korije erè a lè w voye tounen yon afimasyon ou siyen.

ou gen kesyon toujou?

Vizite haitiancreole.nycvotes.org/faqs!

Ou ka voye yon imel ba nou tou nan nycvotes@nyccfb.info, oswa voye yon mesaj ba nou sou Instagram, Twitter, Facebook, oswa Reddit ([@nycvotes](https://www.reddit.com/r/nycvotes)).

Metè enfòmasyon ou yo ajou ansanm ak Konsèy Elektoral la

Nou jwenn non ou ak adrès ou nan lis elektè ki enskri yo Konsèy Elektoral Vil New York la konsève nan biwo li.

Si ou te resevwa Gid Elektè sa a nan kourye lapòs men se pa non ou ki sou li, oubyen si destinatè a deplase oswa si li mouri, notifiye Konsèy Elektoral la pou yo ka korije dosye yo.

Konsènan Gid Elektè a

Daprè lalwa, Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la dwe voye yon Gid Elektè bay chak fwaye ki genyen yon elektè ki enskri nan vil Nouyòk pou eleksyon minisipal yo. Nou voye yon gid an Anglè ak an espanyòl pou chak Elektè ki enskri, epi an Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Indi, Koreyen, Polonè, Punjabi, Ris ak Oudou bay Elektè ki nan zòn sible yo dapre done resansman yo.

Gid sa a bay lis tout kandida ki dwe parèt nan Bilten Vòt la nan moman piblikasyon an. Pou w jwenn yon lis ki ajou, vizite Gid anliy lan sou nycvotes.org/ht.

Gid Elektè pou Eleksyon Jeneral Vil Nouyòk 2023 a. Dwa dotè © 2023 se yon inisyativ Komisyon pou Finans Kanpay Vil New York la. Tout dwa rezève. Se Bellweather Agency ki fè konsepsyon an. Pwodi Ozetazini

Kontakte Konsèy Elektoral la

Konsèy Elektoral la òganize eleksyon nou yo epi se li ki responsab pou kenbe baz done elektè ki enskri yo, siveye silten vòt yo, konte bilten vòt yo epi rapòte rezilta eleksyon yo. Ou ka mete enskripsyon w lan antanke elektè ajou, aplike pou yon bilten vòt moun ki absan, aplike pou w yon travayè nan sondaj biwo vòt oswa kòm entèprèt lang, ak lòt ankò nan Konsèy Elektoral Vil New York la.

Orè fonksyònman nòmal yo

9: 00 a.m. pou 5: 00 p.m, Lendi pou rive Vandredi, epi pandan wikenn anvan ak nan Jou Eleksyon an. Tcheke vote.nyc pou jwenn orè fonksyònman yo.

866-VOTE-NYC (TTY **212-487-5496** pou moun ki pa tande byen)

Vizite vote.nyc pou jwenn plis enfòmasyon.

	Adrès	Nimewo telefòn
Biwo Jeneral	32-42 Broadway, 7th Floor New York, NY 10004	212-487-5400
Bronx	1780 Grand Concourse, 5th Floor Bronx, NY 10457	718-299-9017
Brooklyn	345 Adams Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201	718-797-8800
Manhattan	200 Varick Street, 10th Floor New York, NY 10014	212-886-2100
Queens	118-35 Queens Boulevard, 11th Floor Forest Hills, NY 11375	718-730-6730
Staten Island	1 Edgewater Plaza, 4th Floor Staten Island, NY 10305	718-876-0079